ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№177 (23.085) • 2015 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ зэпыщІащ лІэщІыгъуэ куэд хъуауэ къадекІуэкІ зэнымкІэ и къуэпсхэмкІэ

КІуэкІуэ Юрий Агузаров Тамерлан ехъуэхъуащ РСО-Аланием и Іэтащхьэу зэрыхахамкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ хабзэгъэуэ зэхуэсым и депутатхэм дыгъуасэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Іэтащхьэу хаха Агузаров Тамерлан и къулыкъым зэрыпэрыхьым егъэщІылІа Іуэхухэм.

ТХЬэРЫІУЭ ирагъэта иужь жэуаплныгъэ ин зыпылъ а къулыкъым ехъулІэныгъэхэр къыщихьыну Агузаров Тамерлан къехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергей. «Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэр экономикэкІи цІыху къаруркІи къулейуд. А лъэщагъым хэгъэхъуэн хуейщ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, иджырей экономикэ лъэхъэнэм ипэжыпІэкІэ Іэмал къуитырыкъым зэуэ зигпыну. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэр фІагъ и лъэныкъуэкІэ къэзыІэт щытыкІэщІэм хуэзышэну лэжьыгъэ зэпэшэча егъэкІуэкІыпхъэщ. Республикэм и Іэтащхьэу хахам щІыналъэм и зыужьныныгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр иубзыхуакІэщ. Сэ езым си лъэныкъуэкІэ жысІэну сыхуейщ дэ сэбэн хъуну жэрдэм псори зэрыдэтІыгъыр - мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьныныр, муниципальнэ Іуэху зехьэкІэр гъэтэмэныныр, щІыналъэм щыІэ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным щІэгъэкъуэн хуэхъуну нэгъуэщІ Іуэху куэди», - жиІащ Меликов Сергей икІи Парламентым и депутат корпусым, Правительствэм хэтхэм, властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэм, жылагъуэм и лыкІуэхэм захуигъэзащ, щІыналъэм и Іэтащхьэу хахам жьыджэру дэлэжьэну къыхуириджэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий республикэм и Іэтащхьэу Агузаров Тамерлан зэрыхахам къыхэкІыу Осетие Ищхъэрэ - Аланием и цІыхубэм ехъуэхъури, къыхигъэщхьэхукІащ: «Дэ дыщогуфІыкІ тыншу щымыт мы лъэхъэнэм ІущагъэшІы, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, гъащІэм фІыуэ хэзыщІыкІ, зи къекІуэкІыкІар Іуэхум, езым и цІыхубэм гурэ псэкІэ зэрахуэпэжьым и щапхъэу щыт, щалъхуа республикэмрэ Хэкумрэ яхуэлажьэну, къэралым и Іэтащхьэм къыхущІа дзыхь иныбрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыпсэухэм я гугъапІэхэмрэ игъэпэжыну гурэ псэкІэ хущІэкъу цІыхур республикэм и унафэщІ зэрыхъуам». Зы политикэм тетыным и мыхьэнэм и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий пщІэшхуэ яхуищІащ лъэхъэнэ зэмылІэужьныгъуэхэм РСО-Аланием и унафэщІу щытахэм. «Абыхэм ящыщ дэтхэнэми, - жиІащ КІуэкІуэм, - яхуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащІащ республикэм и экономикэ, щІэныгъэ, псэкупсэ лъэщагъыр гъэбыдэныным». КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэбелджылыкІащ блэкІа илъэсхэм ягъэтІылъа лъабжьэфІыр и щІэгъэкъуэну Агузаров Тамерлан РСО-Аланием дапэкІи зиужьныщ къызэрызэригъэпэщІыфынур и фІэщ зэрыхъур.

Осетие Ищхъэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпыщІащ лІэщІыгъуэ куэд хъуауэ къадекІуэкІ зэнымкІэгъуэм и къуэпсхэмкІэ. Ди лъэпкъхэм я зэхуэщытыкІэхэр захуагъэ хэлъу къалъытэ зэгъэнэгъэфІу зэдэпсэуныем и щапхъэу. «Ди псэукІэр, ди щІыналъэр, ди Кавказыр, ди Урысейр нэхъри дахэ тщІыным теухуа мурадхэр зэрызэхуэдэмкІэ щІэгъэбыда а зэнымкІэгъуэгъэр нэхъри лъэщ хъунущ», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Дыгъуасэ

Лэжьыгъэхэр къапщытэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэ щриГъэкІуэкІащ щІыналъэм транспорт Іуэхухэмкі э и инвестицэ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуауэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ Налшык къалэ щаухъэ «Ищхъ», «Ищхъэрэ» автовокзалхэм, Тырныауз щащІ автостанцым, «Кавказавтосити» (Аруан район) спорт Іуэхущ Іапі эм лэжьыгъэхэр здынагъэсам, «Налшык» аэропортымрэ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэмрэ зэрызэрагъэпэщ щІыкІэхэм.

Ябыныкъуэ уэхуэныгъэхэр мы гъэм и кІэм нагъэсащ. КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ Іуэхухэм жыджэру нужь зэрихьам хуэдизу адэкІи зэрекІуэкІыпхъэр, абы щыгъуэми лэжьыгъэхэм я фІагъым и кІэрымыхуу. Апхуэдэуи абы жиІащ уэхуэныгъэхэм мылъкушхуэ зэратекІуадэр, мы зэманым абы и ІыныкъуэкІэ гугъуехь гуэрхэр зэрыщыІэр. Арщхьэкі э Іэмалу щыІэу хъуар къэгъэсэбэпын зэрыхуэйр дыщІигъужащ КІуэкІуэм и псалъэм.

Республикэм и Іэтащхьэр арэзы тэхъуащ водителым и Іэзэгъым хигъэхъуэнымкІэ къалэн куэд зыгъэзащІэ центрым хэту сабий-ныбжьыщІэ автошколыр къызэгъэпэщыныкІэ лэжьыгъэхэр жыджэру зэрегъэкІуэкІыпхъэм. Апхуэдэ еджапІэр зэхуащІауэ иджыпстукІэ щІыналъэм щылажьэжьыркъым. Абы къыдэкІуэу республикэм гъуэгутранспорт къэхъукащІэхэр нэхъ мащІэ щыхъуркъым. Абы къыхэкІыу КъБР-м Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым пщэрылъ щащІащ «Гъуэгу картэм» хэплъэжу Іуэхуэр зэпкърихыну, абы ехьэлІауэ ахъшэ зыхуэхэкІыпхъэ лэжьыгъэхэр къигъэлъэгъуэну.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ Налшык къалэ щызекІуэ пассажир транспортэр хабзэм тету лэжьэн папщІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъэхэри. Абы хухах мылъкур зыхуэдизыр псоми яцІу, цІыхухэм хуащІа Іуэхутхьэбзэр нэгъэсауэ щытын зэрыхуэйр къалэну хуагъэуващ КъБР-м и Правительствэм.

Федеральнэ программэхэм я пкІэ иткІэ, щІыналъэм къэкІуа субсидиемкІэ (сом мелуани 182-рэ мэхъу) автобуси 135-рэ къащІэхуну я мурадщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Хъыбар гуапэ

Махуэмрэ Джэдумрэ Олимпиадэр къапоплъэ

Лас-Вегас къалэм (США) щиухащ спорт бэнэкІэмкІэ зи чэзу дунейпсо чемпионатыр. Иужьрей махуэм зэхэта бэнэкІэ хуитымкІэ зэпеуэм абы жэз медаль зырызрэ Рио-де-Жанейрэ етІанэгъэ щекІуэкІыну Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм зэрыкІуэнумкІэ хуитыныгъэрэ къыщахьащ Джэду Іениуаррэ Махуэ Билалрэ.

ІЭНИУАРРЭ Билалрэ дыщэ медалхэмкІэ дунейпсо чемпионатым дазэрыщІигуГъам шэч хэлъкъым. Ар абыхэм я къару къихьынут. Ди жагъуэ зэрыхъуци, зымащІэкІэ я насып къикІакъым. Абы щыгъуэми Джэдуми Махуэми я къалэн нэхъыщхьэр ягъэзэщІащ - медалхэр зыІэрагъэхьэри, 2016 гъэм Бразилием щекІуэкІыну Олимп Джэгухэм хэтыну хуитыныгъэ къезыт лицензэхэр ди къэралым къыхуахьащ.

БэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэр Джэду Іениуар финалым и 1/16-нэ Іыхьэм къыщыщІидзащ. Абы хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуа, Гаитим щыщ Кастелли Аснаге ди лъэхэгъэр зэхьэзэхуэм хиша къудейуэ аращ. Бжьгъэр 11:0-у зэриухам ар хьэкъ къыпщещІ.

Адэкіэ къыщыпэщІэуваитІри Джэдум къызэрыфІэІуэхуца щыІэкъым. Японием икІа Такатани Сосукирэ Азербайджаным щыщ Гасанов Джэбрэилрэ Іениуар зы очкои ирихьхьакъым. Ахэр зэрызэкІэлъыкІуэу 11:0, 4:0-у хигъэщІащ. Узбек Курбанов Рашид мащІэу къыхигъэзыхьами, Джэду Іениуар абыи ефІэкІри (6:2), финал ныкъуэм нэсащ.

Иджыт ди лъахэгъуэ гъэхутапІэ нэс щихуар. Абы къыпэщІэуват килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъэхэм я деж иужьрей илъэсхэм тепщэныгъэр щызыІыгъ, дуней псом тІэунейрэ щытекІуа, Олимп Джэгухэм я чемпион Барроуэз Джордан (США). Ди жагъуэ зэрыхъуци, Джэду Іениуар абы пэлъэщакъым икІи ещанэгъэр дуней псом щынэхъ лъэщ хъуным пэрыуэфакъым.

Финал цІыкІум адыгэ щІалэр щефІэкІащ Ираным икІа Гасеми Алий Риза икІи жэз медаль зыІэригъэхьащ.

- Финал ныкъуэм сызэрыщыхъэщІар хуабжьу зыхэсщІащ икІи адэкІэ сыбэнэну тынштэкъым, жиІащ зэхьэзэхуэр иуха иужькІэ Джэду Іениуар. - Арщхьэкіэ сэ ящэу дунейпсо зэпеуэхэм сыхэтращ икІи фІыуэ зыкъзэгъэлъэгъуэн хуейти, си ерыщагъ псори зыхэсЛъхьэри, хьэрхуэрэгъу хэзгъэщащ. Лас-Вегас сыкъыщІэкІуар псоми сатекІуэнурат икІи жэз медалым арэзы сыкъыщІакъым. Адэкіэ нэхъыфІыжу зыгъэхьэзырын хуейуэ араща, слъэкІ къэзгъэнэнукъым.

Дуней псом щафІэхьэлэмэту щыкІэлъыплъырт Махуэ Билал Лас-Вегас щекІуэкІ зэхьэзэхуэм бэнэкІэ лІэужьыгъуитымкІэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я деж зыкъызэрыщигъэлъагъуэм. Алыдж-урым зэпеуэм абы жэз медалыр къыщихьат, иджы дыщэм хущІэкъунут.

Румыниеми икІа Шинтон Рареш Даниэл Махуэр къызэщІигъэплъа къудейуэ аращ. Ди лъахэгъуэ абы 12:2-уэ ефІэкІащ. ЕтІуанэри Билал къызэрехьэлъэкІа щыІэкъым. Венесуэлэм щыщ Урбанех Луис Вивенес ар 11:1-уэ текІуащ.

Ираным и лыкІуэ Басмани Парвиз Хадии адыгэ щІалэр зэрыгъэпЕйтеи бжьгъэшхуэкІэ, 11:2-уэ, ефІэкІами, къаруушхуэ тригъэкІуэдащ. Абы и зэранкІэ финал ныкъуэм Махуэр къыщыізэтеувикъуащ. Дунейпсо чемпион цІэр зезыхьэ тырку пелуан Акгюлю Таже Билал зымащІэкІэ (4:3-уэ) къефІэкІащ икІи дыщэм хигъэкІыжащ.

Махуэм къыхуэнэжьыр жэз медалым щІэбэныврати, Армением щыщ Берианидзе Леван 11:0-у телІуэри, ар зыІэригъэхьащ.

- Чемпионатым щИдзэн ипэкІэ бэнэкІэ лІэужьыгъуитІми медалхэр къыщыхсхьыну си мурадати, къызэхуэлІащ, - жиІащ Махуэ Билал. - Сыщ Іэхьуэпсырт дунейпсо зэпеуэм алыдж-урым бэнэкІэмкІи бэнэкІэ хуитымкІи зыкъыщыізгъэлъэгъуэну, ар къыздэзыІыгъахэм фІыщІэ ин яхузощІ. КъызгурыІащ а тІури зэгъусэу зэдэпсыныр егъэлеяуэ зэрыгугъур. Абы къыхэкІыу алыдж-урым бэнэкІэмрэ бэнэкІэ хуитымрэ дяпэкІэ гъэурыгъуэгъэ зыкъыщызгъэлъэгъуэнущ. Си деж кІэ хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр етІанэгъэ екІуэкІыну Олимпиадэм дыщэ щызыІэрызгъэзынраци, абы ерыщу сытелэжьэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Мэкъумэш

Ерыскъыпхьэкіэ зыкъыззрагъэпэщыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым тезырхэр щрахьэкІ и колониеи и мэкъумэш щІапІэхэм лэжьыгъэм щигащІэгъэуащ.

ГъАТХАСэ хьэр гектар 27-м щыІуахыжауэ сэхуранр и кІэм нагъэс. Ар мы гъэм гектари 125-м щызэрахьащ. Хадзэкіэхэр хэчыхьауэ къыщІачІ, кІэртІофыр къатІыж.

Гектар 360-м гъавапхъэ нартыхур къыщыдачжьынущ, 60-м - силосыр щыпаупщІынущ. Хадзэкіэхэр гектар 14,5-рэ, кІэртІофыр - 59,7-рэ мэхъу.

Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьныныр колониеи и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ . А программэр зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ, къуат зыщІэлъ ерыскъыпхъэкІэ ирикъуу зыкъызэрагъэпэщыжьыф, бюджет мылъкур зэрагъэхуэ, тезырыр езыхьэкІэм Іэнатіэ яГъуэт.

Колониеи и хьэсэхэм щагъэкІ хадзэкіэхэр езыхэми, гъунэгъу щыналъэхэм я апхуэдэ Іуэхущ Іапі эхэми пэрыхьэту яхуроркъу. Хадзэкі, гъаВэ хъуиапІэ псори ахэр зэрыІахьиным хуэхъэзырщ. Иджы нэхъыщхьэр тэмэму зехьэныкъуэ, тезырхэр щапшныныр Іуэхущ Іапі эхэр зэпІэзэрыту ерыскъыхьэкІэмкІэ къызэгъэпэщыныкъуэ.

Урысейм и ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Футбол

Дыдогъэблагъэ!

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищхъ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дигъэупшыхь Налшык щыІэ зэІущІэр апхуэдэу ирихащ.

ЗэпэщІэтыныгъэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгугъуэм иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ я теуухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и кубок. Финал

«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Къэхъун»

Налшык. «Спартак» стадион. Фокіадэм и 15. Сыхьэт 16-м.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэу а Указымкіэ щІэгъэбыдамрэ зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэу а Указымкіэ щІэгъэбыдамрэ мыпхуэдэ зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым и 2-нэ пунктыр мыпхуэдэу тхын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм (адэкІэ къызэрыкІуэнур Комиссэущ) и Аппаратым иубзыхун хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм потребительскэ рынокымкІэ и отделыр.»;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкІэ щызэгъэкІуэным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэгъахьэн Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокІадэм и 7-м №124-УГ

Сом мин 22-кІэ нэхъыбэ

БынитІ е нэхъыбэ зиІэ анэхэм хухах мылъкур 2016 гъэм сом мин 22-кІэ нэхъыбэ хъунущ. Апхуэдизу жиІащ УФ-м и и вице-премьер Голодец Ольгэ.

Псори зэхэту илъэс къакІуэ а ахъшэр сом мин 475-рэ хъунущ. А мылъкур, нэхъапэми хуэдэу, къызыхэзбгъэсэбэп хъунур Іуэхугъэщщ: унагъуэм и псэупІэр егъэфІэкІуэнырщ, сабийр егъэджэнырщ, анэм и пенсэ кІуэгъуэм хуэгъэтІылъынырщ.

А программэм къаралым сэбэпышхуэ къызэрыхихьар, абы пыщэнри тэмэму къызэрипытэр нэхъапэІуэкІэ жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий. «Ди цІыхухэм я бжьыгъэм хэщІыргэ ди къэралыр дыхэкІуэджыну щыжаІэрт дуней псом. Иджы дэ кІуэ пэтми нэхъыбэ дохьу. Дызытет гъуэгур зэрыпэжыр абы къегъэлъагъуэ», - къыхигъэщащ абы.

Гъунапкъэхэр зэхуащІ

Зауэм и зэранкІэ зи хэкур зыбгынауэ Германием кІуэхэм я бжьыгъэ мы гъэм и кІэ пщІондэ зы мелуан хъуну хуагъэфащэ.

ФРГ-м и вице-канцлер, экономикэрэ энергетикэмкІэ министр, СДПГ-м и унафэщІ Габриэль Зигмар зэрыжиІамкІэ, Іэпхъуэщапхъуэу къахуэкІуэхэм егъэзыпІэ етыныжьмкІэ яІэ Іэмалхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу.

«Зы къэралми и закъуэу хуэзэфІэкІынукъым щтапІэ ихьэжахэр зыхуэй хуэгъэзэныр. Абы къыхэкІкІэ, ЕС-м и гугъуехьыр захуагъэм тету зэтедгуэшэн хуейщ», - къыхигъэщащ абы.

Апхуэдэу щытми, ЕС-м хьыхь къэралхэр нэхъ щІэх-щІэхыуэрэ тепсэльыхь хуащ я гъунапкъэхэр гъэбыдэн зэрыхуейм. Псалъэр Іуэхум хуэкІуэуи хуежащ - Венгриемрэ Сербиемрэ хуитІ гъунапкъэр Реске Кьуажэ цІыкІум деж дыгъуасэ щызэхуищІауэ Сирием икІэр и щІыналъэм иригъэхьэркъым. Апхуэдэ лъэбакъуэ ячыну загъэхьэзыр нэгъуэщІ къэралхэкми.

Аэрри бгъэкъуаншэ хъуну къыщІэкІынукъым: дэтхэнэри зэгупсысыр я щІыхуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыныр.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Ныбжьыщ

♦Демократиеми и дунейпсо махуэщ
♦Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
♦Беларусь Республикэм и библиотекэхэм я махуэщ
♦Азербайджаным щагъэлъапІэ щІэныгъэхэм я махуэр
♦Коста-Рикэ къэралыгъэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ
♦1932 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр къызэІуахащ.
♦1956 гъэм дунейм щыяпэу Аэрофлотым къигъэсэбэпу щИдзащ цІыхухэр къызэрырашэкІ «Ту-104» кхъухьлъатэ лъэщыр.
♦1971 гъэм щІыуэпсыр хъумэным хуэлажь «Гринпис» зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦2000 гъэм Австралием и къалэ Сидней къыщызэІуахащ XXVII гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Адыгэ лІэпкъым и дежкІэ махуэу щытащ а спорт зэхьэзэхуэшхуэхэр - алыджурым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ **Къардэн Мурат**.
♦Инджылыз тхакІуэ, детектив роман куэд зи къалэмыпэм къыщІэкІа **Кристи Агатэ** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, блэкІа лІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ЦокІыл Борис** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ-уэрэдус, УФ-м и цІыхубэ артист **Танич Михаил** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Театрымрэ киномрэ я актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Лавров Кирилл** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦УсакІуэ, критик, литературовед, КъБКъУ-м и доцент **Къэзэр Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦ЕгъэджакІуэ, узэщІакІуэ, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хъуажь Фахьри** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦ШэрджэкІуэ, журналист **Пхъэш МуІзед** къызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и къэрал къулыкъущІэ **Дохьушокъуэ Зураб** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, тхакІуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли** къыщыдалъхуа махуэщ.
♦КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта **Къардэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псэ зыпыт къупщхьэм лы къытокІэж.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ

● Щыуэпс гъэтIылъыгъэхэр

Джэдмышх аузым щыIэ псыкъелъэ цIэнщэм и къэкIуэнум тегуэзвыхь, КъБР-м Щыуэпсым и хъуГуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, нэгуэщI Iуэхущ Iапх эм щыху кэудым зэрызыхуагъаззм кьыхэкIыу, министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Табыхьу Аслъэнджэрий Дзэлыкъу псы кIуапIэхэм я ялэ чэзур щауху, псыкъелъэр зыхуэзэ щыпIэхэр, псыр зыпхыкIыну «Балъкъ Ищхъэрэ» къэрал щыIуэпс заказникыр къыпщытащ. Заказчикым и лыкIуэхэу ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министрым и къуэдзэмрэ республикэм капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапх м Iэщ Iагъэ Iэлп эхэр зыгъэсыжу комиссэм щыщхэм абы крикIуар зэпкърахащ.

Заказчикым и лыкIуэхэм къызэрагъэльэгъуагъэмкIэ, я зэран дыкъэзыхуэреихь дунейм ирамыгъэкIын, псыкъелъэр яхьуэмэ папщIэ, щIыуэпсым и щытыкIэ цIэхьуэхэр къалъытауэ, псы кIуапIэхэм я проектым халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр подряд организацэм егъэхьэзыр. Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министрым и къуэдзэ Этезов Руслан зэрыжIамкIэ, и куэдагъыр яхъумэн щхьэкIэ, псыпхым щхьэхуэу псы ирашэлIэну я мурадщ.

Заказчикым къызэрыхигъащамкIэ, Ставрополь проект организацэм ухуэныгъэмкIэ и проектым а зэхъуэкIыныгъэ псори халъхьэ. Щыгъуэ зыхуэдэр зэпилытауэ, КъБР-м щыуэпсым и хъугуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэм кIыгъэльэгуащ унафэ кащIэр папщIэ щхьэхуэу зыхуэи тхыльхэр заказчикым къитын зэрыхуэйр.

ЗэIущIэр щызэхуищIыкым, Табыхьу Аслъэнджэрий аргуэру къыхирIэщащ яубзыхуахэм министерствэр ткIийуэ зэрыстетынур, щIыпIэхэм я теплъэмрэ я щытыкIэмрэ хъумэнырэ я къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ щIыуэпс гъэтIылъыгъэхэр зэгъэззэхуауэ, щынагъуэнщэу къагъэсэбэпмэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и къуажэ 14-р псы кьабзэкIэ ирикъуу кхахуэзгъэпэщынущ, къуршыпс тельыдджэхэр хъума хъунущ.

● Юбилей

Илъэс 90 ирокъу

Урысей пщалъэм (стандарт) и юбилейр егъэлапIэ. СтандартизацэмкIэ, метрологиемрэ сертификацэ зэращIыгъэ зы лэжьыгъэмкIэ Советым деж СтандартизацэмкIэ комитет къыщыдзэрагъэпощауэ щытащ. Стандартизацэм и Iуэхур къэралым зэрихьэным, цIыхубз хозяйствэм и Iэнатlэ псори зэгъэкIуэуэ, зэхэхауэ зэкIэлъыхьыным ар щIэдзапIэ хуэхъуащ. Ди жылагъэм и политикэ, экономикэ гъащIэм зэрызихъуэжым елъытауэ, Iэнатlэщ Iэм зэреджэри, и статусри мызэ-мытIэу яхъуэжащ. Къэралым и экономикэм и зыужькIар а лъэхъэнэм и дэтхэнэ Iыхьэми зэщхьэщыхьауэ къыхощыж. И ухуэкIэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ яхъуэжурэ кьекIуэкIами, и къалэн нэхъыщхьэр дапщэщи фIэкIыпIэнэщэу игъэззэщIащ - фIагъ зиIэ, нэгуэщI щIыпIэхэм кърашхэм япхэу продукцэ игъэхьэзырыр щхьэкIэ сэбэпышхуэ хъуащ.

Урысей пщалъэм и лэжьыгъэр «Техникэ и лъэныкъуэкIэ зэкIэлъыгъэкIуэным и Iуэхуэ», «Стандартизацэм и Iуэхуэ», «Къэпщытыгъэр зы жыпхъэм ити егъэкIуэкIыным и Iуэхуэ», «Продукцэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ сертификацэ зэращIым и Iуэхуэ», «ЩэхуэкIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и Iуэхуэ» Федеральнэ закончэм тету кьыхэзрагъэпэщ. Экономикэ, лэжьыгъэ Iуэхуэр зэхуэгъэкIуэным хуэунэтIауэ Урысей пщалъэм и кьалэнхэр абыхэм щыгъэбелджылащ. А щIэрылъхэр ГъэзэщIым теухуауэ стандартизацэмкIэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэ 86-м куэд зэфIагъэкI.

Ди центрым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

- техникэ Iуэхуэр зэкIэлъыгъэкIуэным, стандартизацэм, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ кьызэрагъэкIуэр щIэгъэбыдэным теухуауэ къэрал политикэр пхыгъэкIыным;

- кьызэралытэ Iэмэпсымэхэм я щытыкIэр къэпщытэнымрэ метрологие Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымрэ.

Кьызэралытэ Iэмэпсымэу мин 30-м нэблагъэ илъэс кьэс ди республикэм кьыщащIыгъ. IэмалыщIэхэм я фIагъкIэ, предприятэхэм кьыщагъэсэбэп апхуэдэ Iэмэпсымэхэр кьыпкрамыхьу, абыхэм я лэжьакIэм дыкIэлъоплъыф.

Республикэм кьыщапщытэн хуей кьызэралытэ Iэмэпсымэхэм я процент 90-м ди центрыр кIэлъыплъыфынущи, нэгуэщI щIыпIэхэм щIашэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Медицинэ техникэр зыдогъэпощыж, рентген аппаратхэм я радиацэ щытыкIэм дыкIэлъоплъ, ерыскъыкэхIэмрэ щIыдагъэзкIэмрэ я фIагъыр зэхьидогъэкI. Центрым и мылъку-техникэ гъьбжьэр гъьбдэныим, иджырей кьызэрапщытэ Iэмэпсымэхэр кьащэхуным, лэжьакIэхэм хуэкIуэным иужьрей илъэситкум сом мелуанипщым яблагъэ хуэхэтащ. Кьытпэщыт кьалэнхэм зэпэщу декъупIэм щхьэкIэ, Iуэхум фIыуэ хэзыщыкI Iэщ Iагъэлlэкр диIэщи, дэтхэнэми и пщэрылъыр егупуагу, дагъуэншэу егъэзащIэ.

Техникэ Iуэхуэр зэкIэлъыгъэкIуэным, стандартизацэм, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмрэ кьызэритIасэр щIэгъэбыдэным теухуауэ дгъэзащIэ къэрал политикэм, Урысей-мрэ ди республикэмрэ я сэбэп хэлъу, нэхъри зыдздужьыну дыщогугъ.

ЕЩТРЭЧ СулътIан,
«КъБР-м стандартизацэмкIэ, метрологиемрэ гъэунэхуныгъэхэмкIэ и къэрал щIыналъэ центр» ФБУ-м и унафэщI.

Хэкур мыбдежщ

Налшык кьыспежащ уафэ лъащIэр зэщIэзыщта пшагъуэ Iувкlэ, зи чэзу контрреррорист операцэри щыгъуэ. ФСБ-м и оперативникэм кьагъуэтащ, спецназым кьиухъуреихьащ унэ гъэрым зыщIащIэгъэбыда щIэпхъаджащIэ гуп. Абыхэм затын ямыдэу, я быдапIэм кьыщIэуэкIырт. ИтIанэ, хабзэ зэрыхъуауэ, ахэр зэтраукIащ.

- Сыт хуэдэ радикал ислъам? Сыт жиIэр? - таксим дэс адыгэ щIалэр губжьауэ псалъэрт. - Ахъшэщ ар псори. Мылъкум щхьэкIэ хыхьэу аращ ахэр абы. Ди деж щафIэфIщ ислъам динымкIэ зыщIахьымэн, ауэ, ипэжьипIэкIэ жыпIэнымэ, фIы кьызэрашэри, дунейм ехьжар зэрыщIалъхьари, адрей Iуэху псори зэрыщIахьыр динымкIэкъым, атlэ ди адэжьхэм я къадэгъэуцурыгъуэ Iыпкъ хабзэжэм ятащ.

Таксист щIалэм кьысхуиIуэтахэм къазэрыщхьщкI щыIэтэкъым илъэситI ипэкIэ сызыхуэзгъуэ щыта, «Къэбэрдей Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд жиIар. Абы и Iуэху еплъыкIэр иджыри ихьуэжакъым, адыгэу дэнэкIи щыпсэуэр зэщIэзыгъэуIуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм жыджэру зэрыхэтым зэрыкIэрымыхуам хуэдэу.

- Къэрал хъуэрхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм пщыIэныгъэ яхуди Iэщ, - жеIэ абы. - Абыхэм я нэхъыфIхэм быдэу дапыщIащ. ЖыпIэнурамэ, ахэр хуэдэщ ди къэралым и лыкIуэу хамэ щIыпIэхэм щыIэжэм. Апхуэдэу хамэ къэралхэм щыIэщ радикал епIыкIэ зиIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. Урысейр щытыкIэ гугъум щит мы лъэхъэнэм абыхэм я лжьыгъэри щIагъэхуэжьащ. Мыхьэнэщхуэ иIэкъым ахэр хэт дэлажьэми: ЦРУ-ри я инджылыз ПIасхъэщIэхэри. Нэхъыщхьэр абыхэм зэрахъэ Iуэхуэм ди цIыхухэм ящыщ зэритхьэкъурщ. Абыхэм ящыщ гуэрхэр гъунэгъу республикэхэм я лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я гъэззщIакIуэ комитетхэм хэтщ. Апхуэдэ къэхъуакъым ипэкIэ. Иджы, Кьырымырэ КъуэкIыпIэ Украинэмрэ я Iуэхуэхэр кьызэрихьейуэ, ахэр утыку кьиухьащ. ДАХ-м и вице-президент Шэрджэс Мухьэмэд «Свобода» радиом иджыблагъэ кьыщыпсэльащ икIи жиIащ Урысейм дэлажьэхэмэ Iыхьэм Iуэхуэм ахэр гъуэз зэрахуэмыхьужьынур, атlэ дяпэкIэ Европэмкlэ я гупэ зэрагъэзэнур. Ар хущIокъу ДАХ-м хуэдэ лъэпкъ зэгухьэныгъэ Европэм кьыщыпсэригъэпэщыну.

- Шэрджэс къэралыгъуэ хамэ щIыпIэхэм кьыщыпсэбгъэпэщыныр - ар зыри кьызэрымыкI купщIэншэ Iуэхуэ, - псалъэмакъым кьыхохьэ Сирием щыпсэу адыгэжьм я лIакIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр Iыгъ Бырсекъуэ Орфан. - Дауи, Африкэм кьыхэ щы Iыхьэ гуэрми «Шэрджэс къэрал» фIэпщ хъунущ, арщхьэкIэ абы щхьэкIэ ар Хэку хъунукъым. Хэкур мыбдежщ здэщIыIэр, Урысейрщ. НэгъуэщI мурад зиIэ Iуэхуэзехьэхэм я кьалэныр зыщ: Урысейм кьыпэщIэувэфын кьару нэхъыбэ зэгъэпэщын. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я щыбагъ кьыдэтхэр адыгэ Iуэхум ирипIейтейуэ аракъым, атlэ Урысейм «епIэскIуну» хуейуэ зращ. Дэ дощIэ ахэр хэт сымэми.

- Хэт?

- США-мрэ Великобританиямрэщ.

Пэжу, Шэрджэс къэралыгъуэ щыщыIэфынур адыгэ (шэрджэс) щIыналъэрщ. Ауэ кьэзыIытэ щIэIэщ ар Урысейм хэтын хуэмейуэ. Е, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ар Урысейуэ щытын хуейкъым.

Зы проектым адрейр кIэлъокIуэ

«Урысейм адыгэхэр лIэщIыгъуэкIэрэ дэкъуэзныгъэм иригъэтщ» темэр «зауэ щыIэм» зэрыщIидзэу жыджэру кьаIэтащ тенджыз адрыщIыпрэ Европэмрэ щыщ ди «ныбжьэгъуэм». А къарухэм зыкъаIэтащ Сочэ щекIуэкIа Олимп джэгуэм илъэ. Щыламахуэ Олимпиадэр щIыпIэ хуабжэм щебгъэкIуэкIыныр дыхьэшхэну кьызыщыхуэ, Сочэ и олимп ухуэныгъэхэр нэмыщIысауэ, зыкIи джэгуэм хуэмыхьэзыр жызыIэхэм я гъуэзу абы щыгъуэ утыку кьихьащ адыгэ лъпкъым щыщу хамэ къэралхэм щыпсэуэхэм ящыщ куэд. Абыхэм жаIэрт Урысейм олимп ухуэныгъэхэр щызэфIихь щыпIэхэр я адэжьхэм я кьхьащхьэ дыдэхэм зэрызэзэр икIи ар лъэпкъым и дежкIэ гутекIуэгъуейуэ зэрыщытыр. Хамэ щыпIэхэм щыпсэу адыгэхэм гъуэз кьахуэхъуэуэ щытащ лъэпкъым и цIыху пажэхэм ящыщу Урысейм щыщхэри. Арщхьэкlэ мыбдежым абыхэм я Iуэхум зыри кьикIаежьм. Ты лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, Урысейм кьихьэну хуит ищIащ икIи зэрыхъуэкIэ псэупIэ яритащ Сирием щекIуэкI зауэм кьрихужьа адыгэ унагъуэхэм, ди къэралым щыщIэ экономикэ щытыкIэр болъхьэу щыIыгъ. Гуэрэгъуэ хэхуэхэм сытыки дэпащхьэгъуэ яхуэхъуащ хэкурысхэр, урысыбзэри езыхэм я анэдэлъхубзэри (абыхэм ящыщу ар зымыщIэжыр нэхъыбэщ) яджыныкIэ сэбэп хъууэ. Къэралри цIыхухэри зэрыхъукIэ яхуэгъуэпащ абыхэм. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, адыгэхэм я лIыкIуэхэм абы щыгъуэ яхуэзащ къэралым и вице-премьер Козак Дмитрий, Кубаным и губернатору щыта Ткачёв Александр, Олимпиадэм и КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и пашэ Чернышенко Дмитрий сымэ.

- Сочэ дыззрыщIыар гуимыкIыж кьыт-щыхъуащ, - а Iуэхум топсэльыхьыж а адыгэ гупым хэтахэм ящыщ зыгуэр. - Хьэщ Iагъэ къыдахьу, гуапэу къыхуущтащ псори, дэнэки дашащ, зыщыдагъэплъыхьащ. Дэ хьэкъ тщыхъуащ ди адэжьхэм я кхъащхьэхэр игъэпупдыну зыри зэрыхущIэмыкъур.

Олимп джэгуэхэм я къызэрэпэщыкIамрэ ахэр зэрекIуэкIамрэ псомэ нэрылъагъу щащIащ Урысейм и гурыIуь хабзэхэр. Апхуэдэу а Iуэхури лъэпъэжащ, арщхьэкIэ «Шэрджэс къэралыгъуэ ин» къэзыгъэщIыну хуейхэм нэгъуэщI апхуэдэ проектхэри я мащIэтхэкъым. Абыхэм я пIэщIыкIэ а къэралыгъуэр Интернетыгъэ къызэрагъэпэщынущ, иужькIэ нэрылъагъу щIыналъэ щыIэнми елIэлIэнущ. Апхуэдэ проектым и жэрдэмщIакIуэщ Джеймстаун фондым (США) щыщ эксперт гуп, ЦРУ-м и Iэщ Iагъэлl икIи Америкэм щыпсэу адыгэхэм я пашэхэм ящыщ Натырбэ Мурат я унафэщIу. А проектым и унафэщIущ, Тбилиси къэрал университетым и профессор Чуху Мераб. Абы хэIущIыIу имыкIуу мы гъэм и пэщIадзэм, зыкъэзгъэпэщащ Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэ гупымрэ (Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щыщу) Куржым и парламентым и вице-спикер, парламентым Кавказым щыпсэу лъэпкъхэмрэ абыхэм я диаспорэхэмрэ я IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Саникидзе Губазэрэ я зэIущIэ. А проектыр гъащIэм хэпщэным жыджэру яужь щихьэнур траухуащ 2016 гъэм.

Проектым и купщIэм утепсэльыхьмэ, абы и мурад нэхъыщхьэр «Шэрджэс» къэралыгъуэм и гражданину щытыну хуейкэр ИнтернетымкIэ кьыхэхтыкIынырщ, абыхэм паспорт етыныщ. Австралиеим зэгуэрым кьыщыкIэуащ апхуэдэ Iуэху: тыгъэ папщIэу «Шэрджэсым и паспорт» ятыну. Джеймстаун щыщ эксперт-хэм чэнджэщ ятащ абы щыгъуэ апхуэдэ паспортхэр тыгъэ щыкIу куэдей мыхъуу, хуитыныгъэ псори кьозыт дафтэр пэжу, Евросоюзым кьитIуэ мардэ псомиз хуэкIуэу кьыдагъэкIын хуейуэ. «Шэрджэс къэралыгъуэ иным» и гражданин хъуфынущ дэтхэнэ адыгэри, а паспортым папщIэ илъэс къэс США-м и доллари 100-м кьыщыщIэдзауэ 200-м нэс зытынур. Дауи, абы диныгъын хуейщ къэралыгъуэщIэр кьыззэзыгъэпэщхэм я Iуэху еплъыкIэ псори. Къэралыгъуэм и дэтхэнэ щIыхьми хуитыныгъэ иIэщ «Адыгэ (Шэрджэс) Хасэм и политикэ» къэрал власткIи и хэкIыныгъэхэм хэтыну е езыр хахыну. Абы дуней псом хъыбар яригъэщIэнущ, Урысей къэралыгъуэр щэщэжмэ, адыгэхэр нэхъапэм зэрыса щIыналъэ псори Шэрджэс къэралыгъуэ иным иубыдыжыну зэрыхуитымкIэ.

Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм нэсу наIуэ къещI Урысей империимрэ СССР-мрэ я Iэужьхэу адыгэхэр «лъэпкъкIуэдкIэ» иужьрей илъэсипщIэм зэджэу есахэмкIэ Москва жэуап ихьын хуейуэ хуэзыгъэльэгъуэхэм я мурад нэхъыщхьэр. Езы Чуху а Iуэхум теухуауэ иджыблагъэ кьыщыпсалъэм кьыхигъащащ «дунейпсо зэгухьэныгъэхэмрэ Куржымрэ адыгэ Iуэхум теухуауэ ирахьэжьа Iыхьэгъэхэр псыхэкIуадэ зэрымыхъур. Адыгэхэм лъэпкъкIуэдыр кьаззрыкъуэкIар илъэс блэкIахэм хэрубыдэу кьагурыIуащ а лъэпкъым щыщ псомэ: хамэ щIыпIэхэм щыпсэуэхэми, Урысейм исхэми, адыгэ къэралыкъуэкIыжу кьыкъуэтыкъуэ.

Сыт жыпIэн мыбдеж: мэлэжьафэ щIалэхэр. Ахэр жыжьэ кIуэнущ, и чэзум къэдмыгъэувыIэмэ, хуит тщIымэ.

Дэтхэнэми езым и тхыдэ иIэжщ

- Апхуэдэ лей кьыдахащ, апхуэдэу дызэрауклащ, дызэтракъутащ, жыпIэу илъэс къэс упых эу ущыс хъунукъым, - жеIэ и адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ фIы дыдэу щыгъуаз Хьэфыщ Iэм. - УщIызэпIэкIыжьын хуейр апэкIэ щыIэ нэхур пIьаГьэм, абы лъэбакъэу хуэпчын щхьэкIэщ.

Мухьэмэд езыр цIыху цIэрыIуэщ. Абы фIэфIщ адыгэ хуэхъухэр кIуэу жиIэн, адыгэ хабзэр кьанэ щымыIэу игъэззэщIен, Къэбэрдей-Балъкъэрми адыгэхэр щыпсэу хамэ щIыпIэхэми я псалъэр жыпIэнущ, мэжджэгьым и Iуэхум мылъку хелъхьэ, дэри сом мини 10 - 15-кIэ кьытхуоупсэ.

ЛэжьакIуэшхуэщ Сэлим, гушIэгъу зыхэлъ, гууз-лыуз зиIэ цIыху гуапэщи, зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIыкф Iэщ Iагъэлl Iаззм и мурадхэр кьэхъулIэну, и бынэм я гуфIэгъуэ куэд иIыгъуну, илъэс къэс ГъавэI бэв кьыхуэхъуну ди гуапэщ.

КУМЫщ Хьэжмурат,
лэжьыгъэм и ветеран.
Къубэ-Тэбэ къуажэ.

Пащтыхьхэм я Iэужьым щхьэкIэ Москва жэуап ихьыну хуагъэлъагъуэ

● Политикэ зауэхэр

лIакъуэм (Кавказ зауэр щIидзэн ипэкIэ ахэр 12 хъууэ щытащ) емыльытауэ, иджыпсту гуэщащ гупышхуитIу. Яныныкъуэхэм яльытэ я адзэхьэр «хужь цIыкIурэ бащ цIыкIуу» щытауэ, пщыжь-уэркъыжьхэм нэ пIьаГьэрэ жьы Iурыльэгъуэрэ ирамыту ягъэпщIлIауэ. Адрейхэр арэзыщ лъэныкъуитIри я хабзэхэмкIэ зэрыпсэуари зэхуэфащэу зэрыщытари кьащтэну. Апхуэдэу щытми, лъэпкъкIуэдыр кьызэрихуагъэкIуар псоми хьэкъыу япхыкIащ, Налшыки Черкесски хэт сыщыхуэмызэмэ. Мыдежым нэрылъагъущ Чуху и гупыр фIыуэ зэрыпIэжьар икIи а зэманым ехьэлIа нэгъэщI кьхъэкъкъащIэхэм я щапхъэ е бжьгъэ гуэрхэр кьэпхькIи, ар кьаззрыпхугурыгъэIуэн щыIэкъым.

- Кавказ зауэр и кIэм щынэсам щыгъуэ, адыгэхэм ящыщу псэууэ кьэнэжар абы ипэкIэ псэуахэм я процентэ 10 кьудейрщ. Апхуэдизи дей зэрахьащ урысыдзэм хэтахэм!

- Щхьэ зыщыыгъэгъупщэрэ фи щыIэм 1804 - 1826 гъэхэм емынэ узыр щыпIащ хъуауэ зэрыщытар? Абы лъэрыщIыкI ищIащ цIыху минхэр. Кьапщтэмэ, Къэбэрдейм и цIыху мин 350 - 400-м ящыщу 1812 гъэм ирихьэлIэу псэууэ кьэнар мин 30 - 60-м нэс кьудейт.

Псэущхьэм хэта зауэлIэхэм ящыщу зауэм хэкIуэдахэм я процент 90-ри Iуэхуэр узыфIэщIалэхэращ. Ар дзэм дохутырхэр зэрагъусауи, санитар хабзэхэри зэрагъэзэщIауи. Кьуажэхэм санитар хабзэ лъэпкъ щыIэкIуатэхъыми, а узыфIэхэм зэрыжьлIэу щIипIкIахэри щыIэщ. АдыгэщIэхэм ящыщу мащIэкъым урыс дохутырхэм я дежкIэ щыIэ зы ныкъуэ кIуахэр. ЩыIащ урыс унагъуэхэм кьану щапIахэри адыгэ унагъуэхэми кьахэкIащ урысхэм атэлыкъ яхуэхъуахэри. Апхуэдэ Iуэхуэхэм емыкIу пылъу щытакъым лъэныкъуитIым я дежкIи.

Урысей империем и политикэр, иджырей бзэмкIэ жьытIэнщи, илъэс къэдкIэ щытащ щыIэныгъэшхуэ зыхэлъу. Евгъэпщэт ар а лъэхъэнэм щыIа нэгъуэщI империехм - Британиеми, Германиеми, Франджым - ирагъэкIуэкIахэм.

Адыгэм лъэпкъкIуэдыр кьызэрихуагъэкIуар псалъищ кьудейкIэ пхужьIэнущ: Урысейр Кавказым хуейт. Уэсэмэн империер зауэлIхэм хуэныкъуэтри, щыналъитIми щыпсэуэхэм зетхьэ ислъам диныр ящIэгъэсбэпащ, - апхуэдэу кьелъытэ лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Тырркум щыIэп хуэныкъуэ Урысейм и цIыху хъуа Iутlыж Мэжид.

Мэжид ноби щыгъупщэркъым Тырркум гугъу зэрыщехьар. Абы ещIэж школым щыщIэса илъэсхэм абыхэм я тырку егъэджакIуэм и оценкэхэр игъэльэхьэу зэрыщытар, мыпхуэдэу кьыщIигужу: «Фэ, адыгэмрэ курдхэмрэ, абыи фрикъунущ!» И сабиигуэм ишэча пудыныгъэхэм я гум кьина гужьгъэжьхэмрэ Мэжид и хьэлIащэнэр яубзыхуащ, быдагъ халъхьащ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 илъэсхэм, я цIыхухэм совет посольствэм хуаIэ пыщIэныгъэ псоми тырку властыр набдзэгубдзапIьэу, ткIийуэ щыкIэпIьыплъым, Iутlыжыр дихьэшу хуежьащ и лъэпкъ Iалкъуэмрэ адэжь щIыналъэмрэ пыщIа Iуэхуэгъуэхэм.

- Ди адыгэ эпосым теухуа тхьылъхэр урыс консулым кьызэрIыхьэсам щхьэкIэ, тырку полицэр илъэситIкIэ сяужь итащ, - губжь хэлъу. - КьыжьуэльыкIыу еIуэтэжащ Мэжид. - Сытым кьыхэкIыу? Дэтхэнэ цIыхуми псом япэ ищIэн хуейщ езыр кьызыхкIамрэ зищIысщэмэ. Уэ зумыщIыхужмэ, пщIэ зыхуумыщIыжмэ, нэгъуэщIым пщIэ зэи кьыпхуищIынукъым. Тырркур дэ зауэлIу дыщигъэтын фIэкIа нэгъуэщIу кьытхуейтэкъым. Армырамэз, щхьэ зы щыпIэм зэгъунэгъуэ дыщрамыгъэтIысэхарэ, и къэрал гъунапкъэхэм ахэр тхьумэн папщIэ дытрамыгъашэу...

Адыгэхэр я щыналъэм щрагъэтIысэхыным тырркуэм ущхьэгъуэ зэрыщытам щыхьэт техьэу щапхъэ куэд щыIэщ. А уасэхэр апхуэдизу лъагэти, языныкъуэхэм я бынхэр пщылIу ящэн хуей хъурт, Iэмалынышагъэм кьыхэкIыу. Кхъуэхым ису сымаджэ хъуэхэр упщIи-уси хэмылъу тенджызым хадзэрт. Ауэ щыхъуКIи, Урысейм кьыпэщIэувэ адыгэхэм яхэтхьам я Iуэхуэхэм епха упщIэ гуэрхэмкIэ Тырркум зыхуэзыгъэзэ, гукъэнэ хуащIу. ИтIани я республикэхэм щекIуэкI Iуэху мыхъумыщIэхэм щхьэкIэ ахэр хуейщ Москва ягъэхьэншэну. Апхуэдэ щапхъэщ Бещто Аслъэн, «Къэбэрдей конгресс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэр. Ар хущIокъу адыгэ щыналъэ УФ-м кьыщыщзригъэпэщыну.

Щыналъэм мамырыгъэр кьыщызыгъэтIасхъэ

- Адыгэхэр щыпсэу республикищым - Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым - я гъунапкъэхэр зэпылъкъым, - жызоIэ сэ. - АтIэ дауэ ахэр зы щыналъэ зэрыпщIыфынур?

- Ахэр псори дэ дищIщ, Урысейм зи жагъуэ ищIурэ кьекIуэкIа, ноби зи жагъуэ ищI адыгэхэм ди щIыналъэщ, - гукIэ зригъэщIам хуэдэу, кьыжьокI Бещтом. - Урысейми, дунейпсо хабзэхэр щытепщэ къэралыгъуэу зилъытэну хуеймэ»... Абыхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм паубыд ирагъэкIуэкI политикэр нэхъри щIагъэхуэбжьэну. Урысейм хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI политикэращ, дауи. Зиусэжьэ, хэт и гъусэу фыкьэзанэу пIэрэ итIанэ? Саакашвили и тетыгъуэм адыгэхэм я лъэпкъкIуэдыр кьэзылытэ Куржыра? Ауэ адыгэхэм я нэхъ пэрытхэм апхуэдэ пыщIэныгъэр кьащтэркъым.

- Сэ абыхэм соупщI - сытым щыгъуэ пэжу, гу кьабзэу фыщщыытыр? ЛъэпкъкIуэдыр кьыщалъытам щыгъуэ хьэмэрэ ди кьуэш абхъаз лъэпкъыр япIэтIыну щыхуеям щыгъуэ? А зэпэщIэувэныгъэм я щхьэ халъхьащ ди щIалэ ахъыр зэманэм ящыщу 58-м, - кьыжьуэт имыщIэу пэжыр жеIэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъэрокъуэ Хьэутий. - Е Осетие Ипщэм фыщытеуэм щыгъуэ? Дыхуейкъым дэ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ.

- Куржым кьуаншагъэ лъэпкъ бгъэдэлъкъым, Урысейм епIыстмэ, - я фIэщщ Бещто Аслъэн ящIэ и ныбжьэгъуэхэм. Абы хъаз зауэм хэкIуэда, куржыхэм яуклА адыгэ щIалэ 58-р абыхэм я дежкIэ щхьэусыгъуэкъым. Абы иригъэкIуэкI псалъэмакъ ткIийм ущедгIуэкIэ, уи нэр буфIыщIмэ, гугъущ уи фIэщ щIыпIну Кавказым и гупсэм ущыIэу - Джеймстаун фондым кьызэригъэпэща тренингым укъыщыхутауэ кьыпщохьу. Абы и щIыужкIэ, Бещтор яхэтщ ДАХ-м и пIэкIэ кьызэрагъэпэщыну хущIэкъу нэгъуэщI адыгэпсо зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм. Абы и штаб-квартирэр здэщIыр Къэбэрдейракъым икIи Адыгеракъым, атlэ Канадэм хьыхь Ватерлоо кьалэ щыкIуэр.

- Балъкъэрхэр-щэ? Къэрэшейхэр-щэ? - сызоIуупщIэ сэ. - Ахэр фи Гъусэу мэпсэу, адыгэ жылэхэм яхэзэрыхьыжа балъкъэр, къэрэшей къуажэхэри щыIэщ.

А упщIэм и жэуапу Аслъэн аргуэру ирешажьэ зи чэзу тхыдэ хъыбар. Ар теухуащ адыгэхэр пащтыхьми, большевикхэми, иджырей Урысейми, а балъкъэр дыдэхэми - псоми я жагъуэ кьызэращIам.

- Дэ иджыпсту парламентым едгъэхьыну догъэхьэзыр лъэпкъхэм яльысыпхъэ щIыналъэхэм ятеухуа законопроект. Республикэр зыгъэркIэ лъэпкъ-лъэпкъыу зэхэкIыжьын хуей хъумэ, дэтхэнэри хрекI, щызэхьыьэм иIар кьыхуэнэжу, - и псалъэм и кIэухыу дыщIегъуж Аслъэн.

Мис ар хъунущ Кавказым щыщIыз мамырыгъэр хуабжьу кьэзыгъэтIасхъэ Iуэхугъуэ. Лъэпкъхэм я зэхуэдэныгъэр кьызэпызыдэ сыт хуэдэ щхьэусыгъуэми щыналъэм и зэпIэзэрыпныгъэм и пIьабжьэр щIидыныщ. Аращ зыхуеиххэри ди къэрал гъунапкъэхэм адрыщIкIэ щыIэ кьарухэу Урысейм бгъэдэлъ «тхыдэ хуаншагъэм» епха Iуэхугъэхэр кьэзылIэтхэр. Мис итIанэщ лъэпкъкIуэдыр игъэкIыпIкIэ щыщIыIэнур.

КъуаншагъэмкIэ зыумысыжын. Сыт щхьэкIэ?

Адыгэхэм я лъэпкъкIуэдым теухуа псалъэмакъэхэр кьэзылIэтыр хамэ къэралхэм щыIэ зэгухьэныгъэхэу дзыхьышхуэ зыхуэпщI мыхъуну зэпыщIэныгъэр зиIэхэращ. Зи гугъу тщIа Джеймстаун фондым нэмыщI, «адыгэ лъэпкъым и хуитныгъэм» щIобэн STRATFOR америкэ агентствэр, Демократиер дэыгъыныкIэ лъэпкъ фондыр, Куржым щыIэ Адыгэ (шэрджэс) щэнхабзэ центрыр, Израилым щыIэ КъуэкIыпIэ зэрыныгъыныгъэм и институтыр, Тыркум щыIэ зэгухьэныгъэхэр.

Тыркуми, Иорданиеми, Сириеми кьиIэпхъыкIыжа адыгэхэм зыжьэу жаIэ: «А къэралхэм дэ дыщыхамэщ. Абыхэм ящыщ дыхьэн папщIэ, дызэрыадыгэр зыщыдгъэгъупщэу, а лъэпкъхэм ящыщ щымыIэу дахэшIэскIыжьыкIи хуейщ».

ГъэщIэгъэнущ кьэхъуар: Урысей империем хэтыну хуэмеяхэр хэкум икIащ (ирахущ), дуней псом щызэбгрыдза хъуауэ абы и къэрал 50-м щопсэу. Абыхэм ящIэжьыркъым я анэдэлъхубзэр, иIэщIэхуащ я хабзэр, лъэпкъ щэнхабзэр. Империем кьызэнэзу зи кьур зымыбгынахэм я щэнхабзэм зрагъэжь, я къэралыгъуэ яIэжщ, лъэпкъ хуэдэуи захъумэфаеу.

Иджырей адыгэ дунейр зэпэщIэуэныгъэ куэд зыгъэжьа цы топым ещхьщ. ИГИП-м и лъэныкъуэр яIыгъыу цыхуи 100-м щIигъу Сирием зэуакIэ кIуащ. Республикэм щыпсэуэхэр щыгъуаззщ абы, куэдым къагурыIуэркъым, апхуэдэхэр зыгъэзахуэзэрэ щыIэщ. УФ-м щыщ адыгэхэр Сирием щапэщIэуващ Асад и лъэныкъуэр зыIыгъ я лъэпкъэгъуэхэм.

ФокIадэм и 19-м ДАХ-р щызэхуэсынущ и зи чэзу Х конгрессым. Хэзгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, «хамэ къэралхэм щыIэ я ныбжьэгъуэхэм» трагъэгушхуэ радикалхэр зэхуэсым щеныкъуэкъунущ ДАХ-м и иджырей унафэщIхэм. ЕбгъэрыIуэныгъэр унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхьауэ екIуэкIынкIэ хъунущ: хасэм и тхьэмадэр тегъэкIын, адыгэ лъэпкъкIуэдыр кьищтэну Урысейм пэубыдын икIи абы кьыпкъыкI жэуапльныныгъэр нэсу кьеГъэщтэн, Адыгэ субъект УФ-м кьыщызэгъэпэщын, адыгэ тхыбз

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Ззэыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159 - 160, 164, 166-167, 173, 175-хэм итщ).

Арти, тоуэхэр шы гуартэм, шыхэр щхьэхьу зэрохьэжьэ,
КъыщІэлъэлъу я лъэм хъуаскІэр, гуІэу шыхъуэхэр къапожьэ:
«Фыхэт? - жаІэ, - зэ фыувыІэт! - Ейц пащтыхьым шы ефхужьэр!
Абы фы фыІэщІэкІынкъым, къывимыщІэу бэлыхьлажьэр!»

Зэшхэм шабзэхэр зэІуадзэ, къахуилъахэр ягъэщтэну,
Гужьеяхэу зэщІогъуахъуэ пщылІхэр, фІэкІмэ къэгъыпэну:
«Къихьащ ди щІым зэрыпхъуакІуэ! ДывольэІу дыкъевгъэлыну!»
Нурадин деж макІуэ лІыкІуэ къэхъуар тепщэм жриІэну.

Нурадин зэуэн къудейуэ дошэсыкІыр и хэщІапІэм,
И дзэ хъушэр и джэ макъым дэтэджауэ макІуэ хъупІэм.
Къапежьащ дыгъитІ абыхэм, имызагъэу тІури я пІэм,
Къекъухащ я пыІэр лъахъшэу, кьытелъыпэу я натІэпэм.

Тариэл Придон жреІэ: «Мис зи ужь уитар букІыну!»,
ЩхьэщепхъуэтІри и жыр пыІэр, къызэщІонэ дыгъэ нуру.
АдкІэ пещэ: «Сыт иджыри уи мурадыр кьыдэщІэну?
ЕкІуж хъункъым уи хахуагъым дэ хьэщІагъэ кьыдэхыну».

Сэлам гуапэ ярихыну Придон гуфІэу къоуалъхъ и шым,
ЛІыхъужьитІри къепсыхауэ ІэплІэ щабэ, ба хуащІ къэушым.
Придон жеІэ: «Ар и фЫщІэщ Алыхьталэм, фІыр зыгуэшым,
Ейц щІыхъугъэри насыпри лъагъунытгъ ІэфІ хэзэушым».

Придон пещэ: «Сыт кІыхь сщІыкІэ? - Сэ сыфпоплъэ фэ куэд щІауэ,
Фэ фи Іуэхур си Іуэхуц сэри, сыувыІэнкъым мызэщІауэ».
КъыпфЗщІынщ а щым уахэплъэм, вагъуэ нурхэр зэІуущІауэ,
Мэшэсыжхэри йожьэжьыр лІыхъужьищыр, зы хъужауэ.

Нурадин и щыхьэр унэм хъэщІэу щыІэр дихьэхащ,
ФІэфІт бгъэдэсми Придон къуэшым, Автандил бгъурытІысхьащ.
Алэрыбгъум я нэхъ дэгъуэр Тариэли хуаубгъущ,
Придон тыгъэу хуагъэфащэу къыхуахьар иратыжащ.

ЖаІэ: «Мыращ уэтпэс хъуну мысыхьэткІэ дэ тІэщІэлъыр,
Ауэ жыжьэкъым бгъэщІагъыр, налкъутналмэх куэд зыщІэлъыр».
Придон ещІыр лъахъшэу щхьэщэ, къыхигъэщу фЫщІэ псалъэр:
«Къызэзытым хуэдэ къабзэу лъапІэ дыдэщ и фэепльыр».

Едэ-ешхэр зэхэсщ махуэм, жэщ къатехъуэм загъэпсэху,
Къэзэщуохэри затхъэщІыр, къызэрищІу тІэкІу пшэкІэху.
ЕкІу-зэкІужуи зыкъахуапэ, я гур хохъуэр зэІупльэху,
Нурадини къугъуэфІыгъуэр егуэш куэду, игу кьихьэху.

Придон жеІэ: «ХьэщІэ лъапІэ зыужэгъу бысым щІэнкъым,
Сывигъусэу зэман згъакІуэр сфІэмыІэфІуи гу лъыфтэнкъым.
Ауэ нэхъыфІщ гъуэгу дытехьэм, тщІэлъ гъуэгуанэр
дэ тІэкІу фэкІукъым,
Къагъэзэжмэ каджхэм дяпэ, кЬрикІуэнур Іуэхум тщІэркъым.

Дэ дыхуейкъым дзэшхуэ, ауэ хахуэу зы гуп кьыхэтшынщ,
Каджет лъапсэр дгъэнын папщІэ, щиц дзэщІыгъуэмэ, дрикъунщ.
Бийм нэхъ гуащІэу зеддзын щхьэкІэ, нэхъ жаныІуэу джатэр тлъынщ,
Зи гур хэщІу а гъэрпІэм ис тхъэмыщкІэр хуит къэтщІынщ.

СыщыІащ сэ Каджет къалэ, - къуршым хэтщ ар быдапІэ уардэу,
Гугъущ къэпщтэнуи ар утеуэу, къеухъурехьри бгы задэм.
Дзэшхуэ тщІыгъуу дыбгъэдыхьэм, ди нэхъыбэр гъуэлъынщ хьэдэу.
ДемыжалІэу щхьэмыгъазэу, декІуэлІэнщ абы щэху дыдэу.

Арэзы лЫхъужьхэр щыхъуэм, гъуэгу техьэнхэу хьэзыр защІ,
Придон хуэдэу хахуэ защІэу щууеи щищи гъуэсэ ящІ.
Асмат екъэзэм докІуатэ, - абыи Придон тыгъэ хуеущ,
Іуэху щиублэкІэ гупсысэм, къытекІуэнукъым нэгъуэщІ.

ЗэранэкІ тенджызыр зэшхэм, тохьэ тафэм ахэр пІащІэу,
Пащэр жэщми я гъуэгуанэм, махуэм якІур яфІэмащІэу.
«Иджы, - жеІэ Придон,- къалэм дынэсыху дыкІуэнщ жэщ защІэу,
НэхъыфІщ щэхуу дыбгъэдыхьэм къалэм, зыми дыкъимыщІэу».

Придон Іущым жиІам тету, зэгуроІуэ лЫхъужьищыр:
Іупым махуэм загъэпсэхуэ, - лъэрытетуи нэху ягъэщыр.
Къалъагъу, пльэмэ, аддэ жыжьэу, къалэ щыгур бгым къыхощыр.
ЩоІур уэгум джэрпэджэжу къэрэгъулхэм я макъ лъэщыр.

Къалэм иЗэу хъуам дыхьэпІэу Іуттщ хъумакІуэу щІыху куэдыщэ,
Ар лІыхъужьхэм къыщалъагъуэм, ящІ унафэ, мэчэнджащэ:
«Девгъэгупсыс фЫуэ Іуэхум, къэдвгъэгъуэт Іэмал хуэфащэ,
ЦІыху мин нэхърэ нэхъыфІщ уиІэм зэгуры Іуэуэ цІыхуищэ».

LIV
Нурадин-Придон и чэнджэщ

Придон жеІэ: «ФыкъедаІуэм, вжесІэнщ пэжым я нэхъ пэжыр:
Лъэщщ быдапІэр, дэ дымащІэщ, - ар фЫ дыдэуи дощІэжыр.
«Къэтщтэфынщ мыр, дытеуэнщи», - жытІэм,
ди щхьэм дыщотхъужыр,
Дэлъэдэжмэ псори къалэм, сыт Іэмалу кьытхуэнэжыр?

Сэ къэфлъагъур сыщыцІыкІум, сегугъупэрэ седжащ:
КІапсэрыкІуэм сыдихьэхри, сызыхуейм селъэф сыхъущ.
Лъагэу Іэтау шэщІа кІапсэм срижэфу щытыгъащ,
«КІапсэрыкІуэкІэ» кьызэджэу, сабиигъуэр есхьэкІащ.

Фхэту щытмэ фэ тІум фязым аркъэн дзыкІэ Іэзэу зыщІэ,
Мо чэщанэм и зы къуапэм схуфІэвгъанэт, вдзыи псынщІэу.
Срижэнщ абы, фынапІэм, щІым сытет фІэкІ сыкъэвмыщІэу,
АдкІэ къалэм дэсыр цІыхуу згъэгъуэлъынщ сэ хьэдэ защІэу.

Зы мэІухурэ джатэ жанрэ сІыгъмэ, Іэщэу срикъунщ,
Сылъэтэнци, къалэ пщІантІэм, жьы борэну сыдэуэнщ.
Я хъумакІуэхэр сукІынци, дыхьэпІэбжэр фхуІусхынщ,
Фыныдыхьэм фепІэщІэкІыу, Іуэхуу диІэр зэпэщынщ».

LV
Автандил и чэнджэщ

Автандил Придон жреІэ: «ПЭжщ, уэ икъуКІэ уІы хахуэщ!
ПхулъэкІынчи уощІэжыр, - дэри дощІэ, сыткІи нахуэщ:
ІэщІэкІынкъым бийр уи Іэщэм, уи чэнджэщри сфІэзахуэщ,
Ауэ, даІуэт: зэхэтщ плъырхэр хъушэу, ахэр хъумакІуэшхуэщ.

Зыбгъэхъеймэ, Іэщэ-фащэм я зу макъыр зэхахынщ,
Гу лъатэнци уи аркъэным, зэ еуэгъуэм пагьэщхъунщ,
Хъунщи пщІэншэ уи хахуагъыр, мыхьэнэнэшэу укІуэдынщ,
Сэри сиІэщ зы чэнджэщи, фыкъедаІуэмэ, вжесІэнщ.

Гу мыбыхэм къыфлъамытэу, моуэ тІэкІу зевгъэз лъэныкъуэ,
Сэри шыдым Іэщэ-фащэр хьэпшыт папщІэу тызокъуэ,
Зысхуэпэщи сондэджэру, сыдыхьэщ абы си закъуэ,
ХамэщІ къикІхэр дохьэ къалэм, къыхэмыкІыу Іуэху ныкъуакъуэ.

Щыри зэуэ дызэгъусэу дыкъалъагъумэ, шэч ящІынщ,
Сэ си закъуэ сондэджэру сабгъэдыхьэм, я фІэщ хъунщ.
Сызэрыдыхьэххэу къалэм, Іэщэ-фащэм зестыжынщ,
Іуэхур Тхъэм хъыддигъэпсынщІэм, хьэкІэлъыкІэр яхэслъхьэнщ.

Зы удыни къыслъымысу, абы дэту хъуар сукІынщ,
Фэри зефхьэу лЫхъужьыгъэр, мыдкІэ цЫІэм уэ ефтынщ,
Іуэудынци я ІункІыбзэр, дыхьэпІэбжэр фхуІусхынщ,
Абы нэхърэ нэхъыфІ фщІэмэ, жьыфІэ, сэ щызгъэтыжынщ».

LVI
Тариэл и чэнджэщ

Тариэл къопсалъэ: «Къуэшхэ, фи хахуагъым гур къегъэплъыр,
Ещхьыркъабзэщ зефхьэ лЫыгъэм, фи чэнджэщым Іущагъ хэлъыр:
ПщІэншэу къифхыркъым фэ джатэ, сощІэ, фи гур зауэм хуоплъэ,
Фэ, сэ щхьэкІэ, мафІэ лыгъэм фыхыхьэну, фызэдолъыр.

Ауэ сиІэт чэнджэщ сэри, федэІуэнум зэман вгъуэту:
Иэгъэнкъым пщащэр и пІэм, а быдапІэм зауэ дэту.
Сыт жиІэн абы сэ щхьэкІэ, фыкъилъагъумэ сыфхэмыту?
Напэтехкъэ ар си дежкІэ, гъащІэ псокІэ япэ иту!

Датеуэнщ абыхэм занщІэу! Ар нэхъыфІу къызолъытэ,
ЩызэщІичым деж нэхъульэр, мо дыхьэпІэм дыІуохутэ,
ЩІэ зырыз зауэлІу тщІыгъуу, зытІэтынщи, дгъэшынщ батэр,
Дахьыхьэнщ абыхэм лъэщу, икъузауэ Іэгум джатэр.

Пытхынщ я щхьэр гуэдз щхьэмыжу, дыхьэпІэбжэр хуамыщІ щІыкІэ,
Дыхьэнщ пщІантІэм дэ щым дзыр, - щаублэнщ тІум зауэр мыдкІэ,
Псыдзэу зыр яхэлъэдэнщи, яригъэлъагъунщ зэуэкІэ,
Зыщыддзынщ гъущІ фащэ хьэлъэр, ди Іэпкъльэпкъыр
жан хъун щхьэкІэ».

Придон жеІэ: «Пщэдей махуэр щІэтщ си нэгум схущІэмыкІыу,
Дыхьэжьынкъым зы цЫху кьалэм, си фэеплъ шагъдийм ІэщІэкІыу,
СщІам мыпхуэдэ ІуэхукІэ каджхэм сахыхьэну, псибл сыкъикІыу,
Тхъэ пхузоІуэ узыхуейм кІэ, уэзмытынт ар си гум пыкІыу».

И ныбжьэгъухэр нэжэгужэ къищІыжыну ахэр жеІэ,
АкъылыфІэхэми ящІэ Нурадин зэрыгушыІэр,
Зэпадзыж, зэщыгуфІыкІхэу, гушыІэкІэу ящІэр, щыІэр,
Тралъхьэжыр шыхэм уанэ, зэпэщ ящІыр Іэщэу яІэр.

Загъэнщ ІыхухкІэ, гушыІэнкІэ лЫхъужьищыр зэпеуащ,
Тариэл жиІа чэнджэщыр нэхъ тэмэмуи кьалъытащ,
ЗауэлІ защІэу щиц ящІыгъутИ, щэ зырызу ягуэшащ,
Трагъэсхэри жыр пыІэр, псори я шым шэсыжащ.

LVI
Кадж быдапІэр къащтэу Нестан-Дареджан хуит къызэращІыжар

ЛІыхъужьищым я бжьыфІагъыр дыгъэ къепсым хуэдэу наІуэщ;
Нур зэшибльым ядэ нэхубэр а зэшищым я хъумакІуэщ;
Тариэл цЫху екІущ, лЫы къабзэщ, и шагъдийри ІэкІуэльакІуэщ,
Ажалщ ахэр бийм я дежкІэ, я ныбжьэгъуэм дежкІэ гуакІуэщ.

ЛІыхъужьищым я хьыбарыр фхузоІуатэ сэ дагъэзнщэу;
Дэтщ аузым псыдзэр уэру, щыблэр къочэр гущІэгъэншэу;
Щыгум уафэр хъущогъуагъуэ, щІылъэм уэшхыр щошх мардэншэу,
Хым уІухьэм, урохьэлІэ дунейр уэфІу, уэлбанэншэу.

Нурадинрэ Автандилрэ хуэдэ хахуэ цЫху кьалъхуакъым,
Тариэл къыщымышынэу щІакІуэ кІапэ лЫы техьакъым.
А щым нуру къащхьэщихым дыгъэр нэхъкІэ лъэщІыхьэнкъым,
ЛІыгъэу адкІэ зэрахьэнум хъур щыгъуазэ щІегъуэжынкъым.

Заузэдри зыхуейм хуэдэу, ежьащ ахэр щхьэмыгъазэу,
МакІуэр щыри нэхъри гушхуэу, дыхьэпІищыр я гъэзгу гъуазэу;
Итщ я ужьым щиц зауэлІу, я гум илъыр зэщхьыркъабзэу
Хуагъэзащ жэщ ныкъуэм пІалъэр, Іуэхур ящІэрти хуэІэзэу.

МакІуэ ахэр, гъуэгурыкІуэу я гъуэгу тету зыфІагъэщІу,
Къалэдзэсэми шууейхэм гу кьылъатэркъым, шэч ящІу,
Ягуи къэкІыркъым абыхэм бэлыхьажьэ Іейр къащыщІу,
Мыдрей гупри ябгъэдохьэ, Іэщэр щэхуу хьэзыр къащІу.

ИкІэм зыздрач шууейхэм, зэщІагъапльэу щІопщкІэ яшхэр,
ЗэрогуІыр лъэныкъуитІыр, кьапоуври къэрэгъулхэр.
Гупищ защІри, дыхьэпІищым йобгъэрыкІуэ лъэщу зэшхэр,
Зэрызохьэ кьалэр щыпэу, зэщІогъуахъуэ кьалэдэсхэр.

Кьыхуегъазэ Тхъэм и щІыбыр каджет кьалэм, кьуаншэу ибжу,
Дыгъэ кьуэпсыр зи тЫысыпІэ Кроное гуэрми хуэмыхьыжу.
ЙокІ ар щыгум, кьочэ щыблэр, уафэгъуагъуэр дежьуужу,
БгитІ зэхуакум дэгуэшауэ дэлъщ укІыгъэр дэмыхуэжу.

И зыгъазэм гъуэз кьыпихыу, Тариэл егъабзэ джатэр;
КъыпащІэхуэр лъэгущІыхь ищІу, щхьэмыгъазэу бийм токІуатэ;
Хьийм икІащи лЫхъужьищыр, дыхьэпІищыр зэхакъутэ,
Доуэ кьалэм псыдзэ уэру, кьалэ кІуэцІым щагъэш батэр.

Тариэл гу щылъамытэм, къоГузавэ лЫхъужьитІыр:
Яхьу шыбгъэкІэ кьахуэзэр, кьыдыхьэпІэм хуаунэтІыр,
Кьапэувым зызыгъэлІу, щІыр пІэщІыкІэ кьрагъэтІыр,
ЩызэтелъщІ куэбжэпэм хьэдэу кьалэм щыщу зэхуэдитІыр.

Кьапщэпщыхь щІыр къэрэгъулхэм, хьэпшыр цЫнэу зэщІэкъугъэу,
Зы Іэпапи я хьэлъыжкъым я Іэпкъльэпкъхэм мыуІэгъэу,
Кьыхэтхъауэ щылъщ куэбжэпкъыр, щытар Іэщэ зэмызэгъыу,
«Тариэлщ мыр зи ІэщІагъэр!» - жаІэ, къуэшкІэ я гур загъэу.

Бгы щІагъ кІуапІэм щокІукІ, хьэдэм лъэувыпІэ къаримыту,
Кьалъагъу, пльэмэ: аддэ жьжьэу Тариэли щхьэпцІэу щыту, -
Благъуэм мазэр ІэщІэкІарэ дыгъэ нурым ар бгъурыту,
НэхулъитІыр зы хъужарэ гурылъ ІэфІхэр зыхуаІуатэу.

НэкІи фэкІи яхуэгъэнщІкъым кьемыуэжу гу гъущІар:
КъыпфІощІ иту уафэгу щхъуантІэм щыІущІау Зуал - Муштар.
ЗэщІольда тІури нуру, кьагъэбжьыфІэу зытепсар,
Хъужащ ахэр насыпыфІэ, мыщІагъуами нэгу щІэкІар.

КІэ иЗэккъым гумэщІэным, - дауи, ІэфІщ ар, уигу кьыдэжым,
Розэм тхъэмпэхэр зэІуихми, яфІэфІщ ахэм зэІущІэжым.
ГурыфІыгъуэр щызу я гум, лЫхъужьищыр зы щыхъужым,
Зыр йохъуэхъу адрейм, гуфІэжу, я нэхейкІэ бий гуІэжым.

Дожьу зэшхэм дыгъэ нурыр, я зэІущІэм щыгуфІыкІыу,
Ба лЫхъужьхэм хуещІ хьэлэлу, и гум, и псэм кьыбгъэдэкІыу,
ЩытхъукІэ, фЫщІэкІэ щІегьанэ ахэр, ІэплІэ яришэкІыу.
Зэпадзыжыр псалъэ ІэфІхэр зым гуапагъкІэ зыр ефІэкІыу.

Тариэл йохъуэхъу ныбжьэгъухэр, лъахъшэу щхьэщэ абы хуащІу,
Узыншагъэми щІоупщІэ, ар уІэгъэ хъуа кьафІэщІу,
Хъуами фаджэ Іэщэ-фащэр, текІуащ, зыри кьыщымыщІу,
Лъапсэрых ящІауэ каджхэр, зэхэтщ зэшхэр, пщІэ хуэІущІу.

Щицым щыщу кьалэ кІуэцІым щэрэ хьщІрэщ дыхьэфар,
Гуапэу щытми текІуэныгъэр, мэхъу гущІыхьэ кьаукІар.
Губжьыпау зэтраукІэ пэууэ кьалэм кьыдэнар,
КъахуэщІакъым зыхуэдизыр хъугъуэфІыгъуэу кьахэхъуар.

Зэхуахусыр лъэрытету хэкум итыр шыду, махъшэу,
Шыдми махъшэми зэхэту минищ мэхъур хьэлъэзешэу.
Кьахэхъуахэр хъугъуэфІыгъуэу щІадзэ ахэм трагуашэу,
ЗащІагъужри дыгъэ нэхур, гъуэгу тохьэжхэр гукъеуэншэу.

ЗауэлІ хыщІ хуэдиз кьагъанэ, кьалэ кІуэцІыр яхъумэну,
Хуит хъужауэ, ящэж пщащэр - хэт лъэкІын кьатрихыну?
КІыхьми гъуэгур, макІуэ ахэр тенджызэ Іуфэм бгъэдыхьэну,
ЖаІэу: «Фатмэ ттелъщи и щІыхуэ, дыкІуэнщ ари дгъэгуфІэну!»

LVIII
Тариэл тенджызхэм я пащтыхьым деж къос

Тариэл тенджыз пащтыхьым лІыкІуэ хуещІ хъыбарегъащІэу,
Хуетх: «И бийр льэгущІыхь ищІауэ, Тариэл ныпхуокІуэ хьэщІэу.
Си нэхунэри си гъусэщ, дуней нэхум дэщІэращІэу,
Си нэ къокІыр услъагъуну, услъытагъ адэ папщІэу.

Къэсщтащ лЫыгъэкІэ Каджетыр, згъэсабырри бий етар,
Пщым я пщыжу ныбжьэгъу лъапІэ, уэрау собж зи фЫщІэр ар!
Фатмэ гуащэм и саулыкъукІэ къэхъужащ хуит шыпхъу хуэхъуар,
Си фІэщ хъуркъым схуэпшыныну фэ фи щІыхуэзу къыстехуар.

ДыблэкІынущи уи хэкум, хышхуэ Іуфэм дыбгъурыту,
ДыкъэлъагъУ кьытпежьи, пщышхуэ, егъэблагъэ ухэмыту.
ПхузощІ тыгъэ, сфІэкъабылу, каджхэм я щІыр зэрыщыту,
Уи дзэ гъакІуи гъэпсэу ахэр, уи унафэ быдэм щІэту».

Фатмэ щІыгъуу къыздишэну хуещІ унафэ лей Усен:
«Ди зэІущІэ дахэм хэдным къытхуищІынщ Фатмэ губгъэн.
Кьришам абы гъэрыпІэм ар ІумыщІэм, хэт ІущІэн?
Дыгъэ кьепсым дэщІэращІэм хуейщ ар щыдгъэгуфІыкІын».

Тариэл и лІыкІуэр дэкІри, льэр здиунэтІам нэсащ:
Хэку пащтыхьым хъыбар гуапэр насыпышхуэ хъыщыхъуащ.
ГъащІэу щыІэр зи Іэмыщ Іэм илъым фЫщІэ ин хуищІащ,
И гъусэнухэм пэмыплъэу, дэшэсыкІри гъуэгу техьащ.

Зиузэдащ пащтыхьым екІуу, ар кІуэ хуэдэ хьэгъуэлІыгъуэ:
Зэхуахусри Іэщыр хъушэу, трагуашэ хъугъуэфІыгъуэ.
ЯдэщІыгъущ ежьахэм Фатмэ, щызу и гум гурыфІыгъуэ,
Дыгъэу кьепсыр, лЫхъужь гуакІуэр илъагъун зым имыжагъуэ.

Нос пащтыхьыр здынэсыпхъэм, хьэщІэхэри къыпежьащ:
ЗокІуэталІэ, зэхуащІ ІэплІэ; дзэри екІуу иувыкІащ.
Тариэли хы пащтыхьым пщІэ хуэфащэ хуищІыжащ,
Дыгъэ нэкІуу зэкІуж пщащэр кІуахэм нуру кьахэпсащ.

Фатмэ, пщащэм зэрыІуплъэу, щІедзэ и гум кьыфІилъэту,
ЗыпщІэхедзэри ба хуещІыр, гурыфІыгъуэр нэгум щІэту.
ИкІэм жеІэ: «Тхъэм и фЫщІэщ си нэгу щІэкІыр зэрыщыту,
Блэнщ сыт щыгъуи фЫм и нэхур, къэплъэжащ си нитІыр хуиту».

Пщащэм жеІэ, ІэфІу, щабэу Фатмэ ІэплІэ иришэкІыу:
«Гу уІэгъэу лъы зыпыжым щІидзэм гуапэр къехуэбжкІыу,
КъобжьыфІэж нэхъ нуру мазэр, ар хуежьами ижэщІыкІыу,
Тепсэжащи дыгъэр розэм, къеІэжьинкъым щІыІэ, лъжкІыу».

Хы пащтыхьым и хъуэхъубжьэм къегъэбжьыфІэ хьэгъуэлІыгъуэр,
Каджет кьалэм и саулыкъукІэ зэхэтащ махуибл гуфІэгъуэр,
Зылъымыс кьэнакъым хьэщІэ, пэрыхьэту хъугъуэфІыгъуэр,
Дыщэр лъабжьэкІэ зэрахьэ, щІигъэнащ хьэпшыпым губгъуэр.

Зэтелъщ Іэтэу ятар тыгъэу, зэтезщ щэкІыр альтес защІэу,
Тариэл и дыщэ пыІэр, уасэу иІэр къыпхуэмыщІэу,
ЗэщІолыдэ кьащхъуэу, щхъуантІэу, лъапІэ защІэу хэтыр мыщІэу,
Дыщэ тахътэри лыдыжу щыхуаухуэ абдеж занщІэу.

Кьыхуагъэс Нестани фащэ, зэщІэпщІыпщІэу хъэрахъищэу,
ХэдыкІауэ тхыпхъэщІыпхъэр мыщІэ щыгъэкІэ дахащэу.
Дыщэ тахътэри кьаухуэ, ныбжьыщІитІым хуагъэфащэу,
Кьащыхьауад а тІур телъыджи, зэхэтщ цЫхухэр зэІущащэу.

Автандили Нурадини кьалъысам имыІэ бжыгъэ,
Шы дэгъуитІым дыщэ уанэ ятелъыжу кьыхуащІ тыгъэ.
Абэ кьащхъуэ ихьу нэгур лЫхъужьитІым кьыщатІагъэ,
ЖаІэ: «Сыт жытІэжыфын дэ? Пащтыхь хабзэщ жумартыгъэр».

Тариэл пщІэ хуещІ пащтыхьым, и бзэ ІэфІым зэрылъэкІкІэ:
«Си насыпщ сэ услъэгъуащи, - уилъынщ си сыпсэухуэкІэ.
ЦІыху тет хъункъым дунеишхуэм кьыппэхъун уэ хьэлэлагъкІэ,
ТІэкІу уи дзе дыщытувами, дыщІегъуэжыркъым абыкІэ».

Жэуап кьетыр хы пащтыхьым: «Пщым я пщыжу аслъэн хахуэ!
Псэунщ куэдрэ уэ кьыпІуплъэр! КъыпІумыплъэм сыт и махуэ?
Гуащи щауи гурыфІыгъуэу уэ ураІэщ, кьыпхуогушхуэ,
Пхуэфэщэн саугъэт сэ сиІэ? - Узот сиІэр, си кьуэшышхуэ!»

Тариэл Фатмэ жреІэ: «УзиІэнщ уэ шыпхъу гъэфІэну,
Кьыстена уи щІыхуэр куэдми, гугъэ сиІэщ схуэпшыныну:
Каджет кьалэм хъугъуэфІыгъуэ кьыдэнахэр бий щІэину,
Сысей хъуащи зэрыщыту, сщІащ мурад саугъэт пхуэсщІыну».

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтыр **Зичи Михай** *ищІащ.*

И цІэм хуэфэщэж

● Дифі догъэлъапІэ

Уардэщыкъуэ и унагъэр

Ди лъахэм мыхьэнэшхуэ зиІэу щекІуэкІа ухуэныгъэхэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзышІа ухуакІуэ цІэрыІуэхэм ящыщщ нобэ илъэс 85-рэ ныбжьыр зыгъэлъапІэ, хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ адыгэ унагъуэм и жьэгум и тхьэмадэ Табыхъу Уардэщыкъуэ. Нэхъыжьыфіым зэрыжиІэщи, и лэжьыр фІыуэ илъагъуу, набдзэгубдзаплъэу, зэщІэкъуауэ, ерыщу илэкІэ зэрыкІуэтэным хущІэкъуу, Іуэхур и кІэм нигъэсу щытын хуейщ ухуакІуэ нэсыр. Езы Уардэщыкъуи а щапхъэм ирикІуэхэм ящыщщ. Ар къэзыгъэлъагъуэщ Табыхъум ди республикэм и ухуакІуэхэм ящыщу ягъу Ленин орденыр къызэрыхуагъэфэщаг

УХУАКІУЭМ ищІэфым и мыхьэнэм Уардэщыкъуэ сабийуэ гу лъитащ. И адэ Джырандыкъуэ я гъунэгъуэхэм ядэІэпыкъуэрэ унэхэр щагъэдэхэжкІэ ахэр зэрыгуфІэр илъагъурт, хьэблэри къэщІэращІэрт. НыбжьыщІэри хуейт цІыхухэм защІигъэкъуэну, яхуэгуэпэну. И адэм дэпльейуэ, абы и лэжьыгъэр и щапхъэу Уардэщыкъуэ ухуакІуэ Іэщ Іагъэ Іэщ Іагъэм итхьэкъащ икІи ерыщу и хъуэпсапІэм хуэкІуэу щІидзащ.

1947 гъэм классий школыр къиухри, илъэс пщыкІубл хъу щІалэм Кинровым и цІэр зезыхьэ колхозым лэжьэн щыщІидзащ. Ар щІэныгъэм хуэпабгъэрт, ауэ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэтекъутахэр щызэфІагъэувэж зэманти, зыгуэр жиІэну къригъэкІуакъым. Анэр пасэу яфІэкІуэдат унагъуэми, ныбжь зиІэ и адэм дэІэпыкъун хуейт. АкъылыфІэ, жыджэрагъ зыхэпь щІалэщІэм гу къыльатэри, учетчик кьаэныр дзяхь кхъыуащІащ. Уардэщыкъуэ зы илэскІэ а лэжьыгъэр ирихьэкІри, мэзпыупщІ бригадэм хыхьащ икІи балигъхэм ядекІуу яхэтащ, гугъуехь псоми пэлъэщу.

Табыхъум зэхихат Старэ Лэскэн ухуакІуэ организацэ къыхэзыщыхьэрагъэпэщар икІи лэжьакІуэ зэрыхуейр. Ар республикэм и кьуажэ ухуакІуэ Іэхэущ Іапі Іэхэм щІэдзапІэ яхуэхъуа Аруан районым и колхозхэм зэдай ухуакІуэ организацэ №1-рт. Ар ухуакІуэхъар 1958 гъэрщ. Іуэхущ Іапі Іэм хуэІапІэу хухахат Лэскэн чырбыш заводым и администрацэм и зы пэш цІыкІу. Уардэщыкъуэ абы щыпэжьэху ухуакІуэ Іэщ Іагъэ Іэщ Іагъэм итхьэкъащ икІи ерыщу и хъуэпсапІэм хуэкІуэу щІидзащ.

Ар ухуакІуэ щІэныгъэм дихьэхащ Табыхъу зэкъуэшхэу Ахьмэдхъанрэ Анурбийрэ. Псори зэхэту Табыхъу зэкъуэшхэр зэрылэжьа пІалъэр илъэси 140-м щІегъу.

Табыхъу лъэпкъыр зэрыгушхуэ нэхъыжьыфІ Уардэщыкъуэ насыпыфІэу зыкъелытэж. А илъэхэм гуфІэгъуэри гугъуехьэри ядыІыгъащ унагъуэ жьэгум и хъумакІуэ, гъащІэ гъуэ пэжу кІыдекІуэкІ Клавэ. Зэщхьэгъуэхэм я гъащІэ беягъыр, лъапІэныгъэ нэхъыщхьэр я бынэрщ, къуэрылъху-пхъурылъхуэрщ, абыхэм къатепщІыкІыжа щІэблэрщ. Уардэщыкъуэрэ Клавэрэ ягъэхуэху Аксанэрэ Аринэрэ, я къуэ Асльэнджэрий щІэныгъэ, Іэщ Іагъэ лъагэ яІэу гъащІэм лъэ быдэкІэ хэтщ. Ахэр унагъуэ насыпыфІэщ. Къыхэдгъэщынщи, Асльэнджэрий и ІэпэІ-щынкІэ, и зы ІныгъыкІэрэ и Іуэху бгъэдыхьэкІэкІэ и адэм ещхьщ. Ар илъэс 25-кІэ КЬР-м и МВД-м щылэжьащ, илъэс 12-кІэ министерствэм экономикэ щІэпхъаджагъэхэм ягъэщІэтыныныкІэ и управленэм и унафэщІэу щытащ. Абы къыхуагъэфэщащ КЬР-м и Президентым и ЩІыхь тхьапІэр. Урысей Федерацэм и МВД-м къыбгъэдэкІ Іэщ къратащ. Отставкэм щыІэ полковник Табыхъу Асльэнджэрий мы зэманым КЬР-м щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым и кьудэзщ.

2009 гъэм Табыхъухэ Уардэщыкъуэрэ Клавэрэ я унагъуэм хъуахъэфэщащ Урысейм и унагъуэ нэхъыфІхэм ират, Унагъуэм, лъагъныгъэмрэ зэхуэпэжьныныр я урысейпсо махуэр егъэкІуэкІыныным и къызэгъэпэщакІуэ комитетым игъэува жылагъуэ дамыгъэ лъапІэр - «Лъагъныгъэмрэ зэхуэпэжьныныр» медалыр.

Нобэ, фокІадэм и 15-м, бжьыхь дыщэфэм и щІэдзапІэ мазэм, Табыхъу Уардэщыкъуэ илъэс 85-рэ зэрырикъур егъэтІапІэ. И ныбжьыкІэ емыльытауэ, ар жьыдэжщ, Лэскэн районым и жылагъуэ Іэхуэ-хэм зэпсыр, сыт хуэдизрэ Анзорей къуажэм и нэхъыжьхьэм я Советым и тхьэмадэщ.

Ныбжь дахэр зыгъэлъапІэ нэхъыжьыфІ Табыхъу Уардэщыкъуэ зэхъуэгъуэ хужаІэнур Тхьэм къыльитагъэс. ЗыгъэлъапІэ и бынэм, абыхэм я щІэблэм къэдрэ ящхьэщыгъуэ ди гуапэщІ, зыщІэхъуэпс, и гум, и псэм щигъафІэ мурад псори Тхьэм къыхуэпащІ!

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЦІыхубэ тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд

КЪБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, республикэм Къэрал саугъэтым и лауреат Къэрмокъуэ Мухьэмэд и Іэдакъэм къыщІэкІащ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цІыху гъуэзэджэхэм, щэнхабзэм, литературэм, щІэныгъэм, узынщагъэм пщІэрэ щытхъурэ щызыІахъэм ятеухуа тхыгъэ хуэщІафІэхэр, повесть, роман телъыджкэхэр, пьесэ щІэщыгъуэхэр, рассказхэр, гушыІэхэр, хъыбархэр, гукъэкІыжхэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1929 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ. Нашлык школ-интернатыр къиухащ. Абы иужькІэ ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей пединститутым.

Щеджа илъэсхэм газетым жыджэру тхэуэ щытащ. Апхуэдэу гу къыльатэри, редакцэм ирагъэблагъащ.

Иужьк Іэ илъэсит Іым нэблагъэкІэ къуажэм егъэджакІуэу щылэжьащ. Ари сэбэп къыхуэхъуащ дунейр къыгурыІуэныжкІэ. Къуажэм кьикІыжа нэужь, радиом ирагъэблэгъащ. АдэкІэ газетым щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІу илъэс пщыкІузкІэ лэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Пенсэм кІуа нэужь, лэжьапІэм къыкІыжри, тхылъ 30-м нэблагъэ итхащ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» и тхылъыр куэдым ягу дохьэ. Абы Къэрмокъуэм и нэгъуэщІ тхыгъэхэри ихуащ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» тхыгъэм кинофильм кІэщІи къытращІыкІащ. Абы и цІэр япэу нэхъ хэІущІыпу зыщІар «ЦІыхубэ и къуэр» ирикІуэ мэкІ» тхылъырщ. Апхуэдэу цІыхухэм ягу нэхъ дыдыхэм ящІыщІ «Къоджэм уигъэжейрк Іым», «Хьэтіохъущ Іыкъуей хъыбархэр», «Цы-хухэу нэпс» тхылъхэр.

- ГъащІэм фІыуэ хьымыщІыкІыу, зыгуэр умылъэгъуауэ, зыгуэрым къытымыщІыкІауэ зыри пхуэтхынукъым. «Щихуэхэр идкыри мэкІ» повестыр зытезухуам сымыщІэхэсу и хъыбар зэхэсхащ. Си щхьэгъусэм и пхъпхъу нэхъыжьыр медсестрауэ лажьэрт. Шэджагъуашхэ сщІыуэ сыздэщІысыр, ар ди дежь къеблэгъащ икІи илъэсипщІым нэблагъэкІэ пІэхэнэу хэлъа я гъэнэгъу бзылъхугъэр дунейм зэрехьжар къыткуиІуэтащ. Абы къыщыщІар сфІэгъэщІэгъуэну сыщыщІэупщІэм, «Лъагъуныгъэщ кьеузар», - жиІащ си щхьэгъусэм и шыпхъу нэхъыжьым. Аращ «Щихуэхэр идкыри мэкІ» си повестым щІэдзапІэ хуэхъуар. Абы теухуауэ тхыльъ-ерджэхэм я тхыгъэ 200-м щІигъу кьысІэрыхьащ, - жеІэ Мухьэмэд.

Къэрмокъуэм кьыхуагъэфэщащ медаль зыбжанэ, ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр щэнейрэ кьратащ. Апхуэдэу кьыфІащащ РСФСР-мрэ КЬАССР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэхэр.

Мухьэмэдрэ и щхьэгъусэ Асльижанрэ зэгурыІуэу илъэс пІыщІрэ щырэ хъуауэ зэдопсэу, я бынхэмрэ абыхэм я бынхьэмкІэ я ехъулІэныгъэхэм иригушхуэу, иригуфІэу. Я бынихьр псори унагъэхэщ, мэлажьэ, мэшхэ, я щхьэ, я бын зыхуей хуагъаэз.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Нэм щеІэзэ къудамэм тыгъэ хуащІ

● Узыншагъэ

Сымаджэщым щІэхуа цІыхум и узыншагъэр псынщІэу зэфІэувэжьын папщІэ щытыкІэ тэмэмхэр иІэпхъэщ. Къэралым медицинэ Іуэхущ Іапі Іэхэр зыхуей хуэзэу къызэригъэпэщын папщІэ сытым дежи ахъшэр зэрыхуримыкъым къыхэкІыу, сымаджэщхэм доІэпыкъу псапащІэхэмрэ волонтёрхэмрэ.

ХЬЭЦІЫКІУ Анатолэ и цІэр зезыхьэ Шэджэм район сымаджэщым тыгъэ гуапэ иджыблагъэ къыІэрыхьащ. Лашынкъел кьуажэм щыщ уэрэджыкІакІуэ Дыщэкі Артур, и ныбжьэгъуэр къыдэІэпыкъури, сымаджэщым нэм щеІэзэ и къудамэм абы щІэлъхэм я хьэпшыпхэр зыдалъхьэ шкаф щыкІыуэ гъуэлъыпІэу 55-рэ къыхуищэхуащ.

Тыгъэр щызэІэпах зэІущІэм кьрихьэлІащ Зауэм, Іэщ Іэкі Зэщ Іэузэда Кьарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Шэджэм район советым и лыкІэхэр.

- ФІыщІэ фхудощІ ди сымаджэщым и гугъуехьхэр кьыфІэІэуэху дэІэпыкъуэгъу фызэзыхъуакІэ. ІуэхуфІхэр гупльитэжу кьанэркъым, ахэр дэІэпыкъуэгъу хэзыгъэкІуэ цІыкІухэм гугъэ къажэзыльхьэжщ. Фи гуапагъымрэ жумартагъымрэ кьыфпекІуэкІыжьну, узынщагъэ, ехъулІэныгъэ фиІэну си гуапэщ, - жиІащ Шэджэм район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КІуэкІуэ Еленэ.

Зи нэм сэкъат иІэ сымаджэхэм щытыкІэ тэмэм къажэзэпэщынымк Іыхьэнэщхьэ зэриІэр кьыкагъэщащ икІи абыкІэ сэбэп хъуахэм фІыщІэ хуащІащ нэм щеІэзэ кьудамэм и унафэщІ Нэгъуей Иннэ, Зауэм, Іэщ Іэкі Зэщ Іэузэда Кьарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Шэджэм район советым и тхьэмадэ Іэрыпщэ Борис, абы и къуэдзэ Іэхъуэбэч Исхьэкъ сымэ.

Кьыхэгъэщыпхъащ сымаджэщым нэм щеІэзэ и къудамэр сыт и лъэныкъэкІи иджыблагъэ зэрызэрагъэпэщыжар, иджырей ІэмэпсымэхэмкІэ зэрауэздар, дэнэкІи кьабзагъэр зэрыщытепщэр.

Дыщэкі Артур жиІащ илъэс 17-кІэ сымаджэщым а и къудамэм и нэм щыкІэпльгъэпльу зэрыщытар. Апхуэдэу фІыщІэ яхуищІащ абы и лэжьакІуэхэми ІуэхуфІыр кьыдэзыІыгъа и ныбжьэгъуэми. «Тыгъашхэу дыдэу щымытми, фызыхуэныкъуэу кьысщІохьу, адэкІи зэрыхъукІэ дэІэпыкъуэгъу дыфхуэхъунщ», - кьыхигъэщащ абы.

ХЬЭКЪУЛ Мадинэ.

Нэ Іуэхуфі

Сымаджэщым щІэхуа цІыхум и узыншагъэр псынщІэу зэфІэувэжьын папщІэ щытыкІэ тэмэмхэр иІэпхъэщ. Къэралым медицинэ Іуэхущ Іапі Іэхэр зыхуей хуэзэу къызэригъэпэщын папщІэ сытым дежи ахъшэр зэрыхуримыкъым къыхэкІыу, сымаджэщхэм доІэпыкъу псапащІэхэмрэ волонтёрхэмрэ.

ХЬЭЦІЫКІУ Анатолэ и цІэр зезыхьэ Шэджэм район сымаджэщым тыгъэ гуапэ иджыблагъэ къыІэрыхьащ. Лашынкъел кьуажэм щыщ уэрэджыкІакІуэ Дыщэкі Артур, и ныбжьэгъуэр къыдэІэпыкъури, сымаджэщым нэм щеІэзэ и къудамэм абы щІэлъхэм я хьэпшыпхэр зыдалъхьэ шкаф щыкІыуэ гъуэлъыпІэу 55-рэ къыхуищэхуащ.

Тыгъэр щызэІэпах зэІущІэм кьрихьэлІащ Зауэм, Іэщ Іэкі Зэщ Іэузэда Кьарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Шэджэм район советым и лыкІэхэр.

- ФІыщІэ фхудощІ ди сымаджэщым и гугъуехьхэр кьыфІэІэуэху дэІэпыкъуэгъу фызэзыхъуакІэ. ІуэхуфІхэр гупльитэжу кьанэркъым, ахэр дэІэпыкъуэгъу хэзыгъэкІуэ цІыкІухэм гугъэ къажэзыльхьэжщ. Фи гуапагъымрэ жумартагъымрэ кьыфпекІуэкІыжьну, узынщагъэ, ехъулІэныгъэ

Цыхухэр шынагъуэншэу зекІуэн папщІэ

● Акцэхэр

«КЪБР-м автомобилым дихьэххэмрэ лъэсырыкІуэхэмрэ я союз» зэгухьэныгъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Граждан комитет» клубыр и щІэгъэкъуэну, «Машинэншэ махуэ» дунейпсо акцэм хыхьэу, мы гъэм Налшык щригъэкІуэкІыну Іуэхугъуэм псори фрегъэблагъэ.

1998 ГЪЭМ кьыхалъхьауэ щыта «Автомобилыншэу зы махуэ» жьыхуиІэр цІэрыІуэ хъуащ икІи абы дэнэ щІыпІи зыщІиубгъащ. Мэзкуу, Урысейм и кьалэншхэхэу Калининград, Кьэзан, Челябинск, Курск, Новгород Ищхьэрэ, Самарэ, Тюмень, Каменск-Уральск, Волгодонск, Тверь, Йошкар-Ола, Тамбов, Уфа, Кемеровэ, Тулэ щыпсэуэхэм 2008 гъэ льандэрэ я автомашинэхэр а махуэм гаражхэм, щытыпІэхэм щагъэуври, трамвайкІэ, троллейбускІэ, автобускІэ, метрокІэ, лъакъуэрыгъажкІэ зокІуэ е лъэсу кьакІухь. Акцэр КЪБР-м и Гъэгуэгъэм щынагъуэншэу щызекІуэным хуэгъэпсащ. Абы кьыхэкІыу, республикэм и кьалэхэм дежкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу кьыдолъытэ.

Властым и къудамэхэмрэ жылагъуэмрэ я лІыкІуэхэр зэщІыгъуу мы акцэм хэтмэ, муниципалитетхэми, зэрыщыту республикэми я пщІэр иІэтныгуэ, езы щІыпІэхэми абыхэм я щІыбкІи я зэфІэкІым щыхэхъуэнущ. Араущ, Машинэншэм и дунейпсо махуэм техуэ ахэщэм фыхэтыну, фокІадэм и 22-м лъэсу е жылагъуэ транспорткІэ фызекІуэну фыкІыдогъэблагъэ.

Акцэм хыхьэу нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри ирагъэкІуэкІынущ.

«КЪБР-м автомобилым дихьэххэмрэ лъэсырыкІуэхэмрэ я союз» зэгухьэныгъэ.

Килограммрэ ныкъуэм щІигъу

● КЪБР-м щыІэ МВД-м къет

Республикэм и полицейхэм зы махуэм къриубыдэу наркотик килограммрэ ныкъуэм щІигъу щІэпхъаджащІэхэм къытрахащ.

2015 ГЪЭМ фокІадэм и 3-м Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и ДПС-м и лэжьакІуэхэм къагъэувыІащ ди щІыпІэм щыщ, илъэс 41-рэ зи ныбжьым зэрригъакІуэ «Мерседес» автомашинэр. Ар кьыщащІыгъэм и кІуэщІм и щыбагъ тетІысхьэпІэм кьыщащІыгъэтащ афиныным и мэм ещхь кьызыкІэрих кьэкІыгъэ Іэплакіуэ.

Ирагъэкіуэна экспертизэм кьыззэригъэлъагъуэмкІэ, къытрахар грамм 870,5-рэ хъу «марихуана» наркотикхэкІщ.

А махуэ дыдэм Бахъсэн, Шэджэм районхэм апхуэдэ наркотикхэкІхэр кьыщытрахащ.

Урысей МВД-м Шэджэм районымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм «ВАЗ-2114» автомашинэр кьыщащІым, кьагъуэтащ полимер пакет. Экспертизэм кьызэригъэлъагъуамкІэ, абы илъ наркотик грамми 107,5-рэ.

Зэрыдыгъуэм кьыкхэІыу нэхъапІэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 30 хъу Куба кьуажэдэсым и гъэпІэр кьыщащым, кьуэдзэщым кьыщагъэтащ марихуанэ грамм 721,7-рэ.

Уголовнэ Іэхэуэхэр кьаІэтащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЦІыхубэ тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд

КЪБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, республикэм Къэрал саугъэтым и лауреат Къэрмокъуэ Мухьэмэд и Іэдакъэм къыщІэкІащ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цІыху гъуэзэджэхэм, щэнхабзэм, литературэм, щІэныгъэм, узынщагъэм пщІэрэ щытхъурэ щызыІахъэм ятеухуа тхыгъэ хуэщІафІэхэр, повесть, роман телъыджкэхэр, пьесэ щІэщыгъуэхэр, рассказхэр, гушыІэхэр, хъыбархэр, гукъэкІыжхэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд Мухьэжид и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1929 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ. Нашлык школ-интернатыр къиухащ. Абы иужькІэ ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей пединститутым.

Щеджа илъэсхэм газетым жыджэру тхэуэ щытащ. Апхуэдэу гу къыльатэри, редакцэм ирагъэблагъащ.

Иужьк Іэ илъэсит Іым нэблагъэкІэ къуажэм егъэджакІуэу щылэжьащ. Ари сэбэп къыхуэхъуащ дунейр къыгурыІуэныжкІэ. Къуажэм кьикІыжа нэужь, радиом ирагъэблэгъащ. АдэкІэ газетым щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІу илъэс пщыкІузкІэ лэжьащ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор нэхъыщхьэу щытащ.

Пенсэм кІуа нэужь, лэжьапІэм кьыкІыжри, тхылъ 30-м нэблагъэ итхащ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» и тхылъыр куэдым ягу дохьэ. Абы Къэрмокъуэм и нэгъуэщІ тхыгъэхэри ихуащ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ» тхыгъэм кинофильм кІэщІи къытращІыкІащ. Абы и цІэр япэу нэхъ хэІущІыпу зыщІар «ЦІыхубэ и къуэр» ирикІуэ мэкІ» тхылъырщ. Апхуэдэу цІыхухэм ягу нэхъ дыдыхэм ящІыщІ «Къоджэм уигъэжейрк Іым», «Хьэтіохъущ Іыкъуей хъыбархэр», «Цы-хухэу нэпс» тхылъхэр.

- ГъащІэм фІыуэ хьымыщІыкІыу, зыгуэр умылъэгъуауэ, зыгуэрым къытымыщІыкІауэ зыри пхуэтхынукъым. «Щихуэхэр идкыри мэкІ» повестыр зытезухуам сымыщІэхэсу и хъыбар зэхэсхащ. Си щхьэгъусэм и пхъпхъу нэхъыжьыр медсестрауэ лажьэрт. Шэджагъуашхэ сщІыуэ сыздэщІысыр, ар ди дежь къеблэгъащ икІи илъэсипщІым нэблагъэкІэ пІэхэнэу хэлъа я гъэнэгъу бзылъхугъэр дунейм зэрехьжар къыткуиІуэтащ. Абы къыщыщІар сфІэгъэщІэгъуэну сыщыщІэупщІэм, «Лъагъуныгъэщ кьеузар», - жиІащ си щхьэгъусэм и шыпхъу нэхъыжьым. Аращ «Щихуэхэр идкыри мэкІ» си повестым щІэдзапІэ хуэхъуар. Абы теухуауэ тхыльъ-ерджэхэм я тхыгъэ 200-м щІигъу кьысІэрыхьащ, - жеІэ Мухьэмэд.

Къэрмокъуэм кьыхуагъэфэщащ медаль зыбжанэ, ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъыр щэнейрэ кьратащ. Апхуэдэу кьыфІащащ РСФСР-мрэ КЬАССР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэхэр.

Мухьэмэдрэ и щхьэгъусэ Асльижанрэ зэгурыІуэу илъэс пІыщІрэ щырэ хъуауэ зэдопсэу, я бынхэмрэ абыхэм я бынхьэмкІэ я ехъулІэныгъэхэм иригушхуэу, иригуфІэу. Я бынихьр псори унагъэхэщ, мэлажьэ, мэшхэ, я щхьэ, я бын зыхуей хуагъаэз.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Налшык

Спортым и махуэ

«Си спорт школ», «Спортым къыхьхьэ» урысейпсо акцэхэр фокІадэм и 26-м Налшык къалэ щекІуэкІынущ. УтыкуплІым зэуэ щызэхэтынущ спорт лІэужьыгъуи 10-мкІэ зэпеуэхэр. Абыхэм гукъыдэж зиІэ псори ирагъэблагъэ.

Щекіуэкіыну щІыпІэхэр:

- Іэпщэрыбанэ зауэ - Лениным и проспект, 8 «а», Универсальнэ спорт комплекс;

- бокс, каратэ, дзюдо - Таманскэ дивизэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 35, «Налшык» спорт комплекс;

- алыдж-урым, бэнэкІэ хуит - Балъкъэр уэрам, 1, Спортым и уардэнэ;

- спорт гимнастикэ, атлетикэ псыншІэ, стІолыщхьэ теннис, футбол цІыкІу - ПащІэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 57, Сабий стадион.

Зэпеуэхэм сыхьэти 10-м щІидзэнущ.

Акцэхэр ирагъэкІуэкІ Урысей Федерацэм Спортымкіэ и министерствэм и жэрдэмкІэ, сабийхэмрэ ныкьжьыщІэхэмрэ физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхын, кьыхэшэн мурадкІэ.

● ТхылъыщІэ

Бзэмрэ егъэджакІуэмрэ гъунэгъу дыдэу зэпыщІащ

Котляровхэ Мариеррэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм лэжьыгъэщІэ къыщыдэкІащ, «Избранные труды» фІэщыгъэ иІэу. Ар зэхэзыльхьар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Иуанькъуэ Нурбийщ.

ТХЫЛЪЫМ и пэублэм филологие щІэныгъэхэм я доктор Бищ Іо Борис щетх: «Адыгэ бзэ гупым хыхьэхэм я щхьэхуэныгъэхэм, Іуэху зэІуменбзэхэм илъэс пщІы бжьыгъэ хуэауэ йолэжь Иуанькъуэр. Арщхьэкіэ и кьэхутэныгъэхэр цІыхубэм, Іэщ Іагъэлэхэм я пащхьэ кьрихьэну нобэр кьыздэсым тегушхуэтэкъым. Абы щыгъуэм егъэджакІуэм и Іуэху епльыкІэр купщІафэ дыдэт, лъэпкъым сэбэп тхуэхъунрэ щхьэпэ кьыдыхэтхьапкІэ Іэджэ хэлъу. И гумызагъагъэм кьыкъэкІыу, Иуанькъуэ Нурбий и тхылъыр хьэзыр ищІыным илъэсищ текІуэдащ. Псалъэ зырызыххуэрэ абы тхылъым щитхар зэпкрихьжащ, и гупсысэр нэгъэса зэрыхъуным кІэльыпльыжащ. Иуанькъуэ Нурбий и Іуэху бгъэдыхьэкІэм дэ иджыри зэ хьэкъ тщищІащ абы жэуапльныгъэ зэрыхэльымрэ и лэжьыгъэм пщІэ хуиІэу зэрыбгъэдэтымрэ. ЕгъэджакІуэм тхылъым кьыщІихь псалъэхэм я нэхъыбэр этимологие и лъэныкъэкІэ купщІафІэ дыдэу зэпкрьыхащ, апхуэдэуи абы мымащІэу ущрохьэлІэ щІэныгъэлІхэм куэд щІауэ зэхагъэщхьэхуКІауэ къыщІыхьу псалъэ хэхэхэм епльыкІэщІэ Иуанькъуэм къажигъэтауэ. Апхуэдэхэм ар нэхьбэу щытогушхуэ адыгэбзэм и диалект нэхъыжьхэм - бжьэдыгъуэрэ щапсыгъымрэ - деж. ЕгъэджакІуэм кьелъытэ адыгэбзэ зэпхьэгъуэхэм я тхыдэр джыным иужь уихьэн щхьэкІэ, диалектхэр нэгъэсауэ пщІэн хуейуэ. Абыкіэ Иуанькъуэм арэзы удэмыхьуу хъунукъым, сыту жыпІэмэ езым и щапхъэкІэ (бжьэдыгъуэхэм, щапсыгъэм я бзэр фІыуэ зэрищІэм и фІыгъэкІэ) дэ тлъэгъуауэ ар и тхылъымкІэ зыхуэнэсар зыхуэдизыр».

- Адыгэбзэр джынымкІэ хэлъхьэныгъэшхуэщ Иуанькъуэм и тхылъым кьыщытхуэзэуиха лэжьыгъэхэр. Къэбгъэльагъуэмэ, адыгэхэм я тхыдэр, щэнхабзэр зыдж щІэныгъэлІхэр абы игъэгупсысэнущ, я лэжьыгъэм зэрыпащэн Іэмалыщ Іэхэр кьриту, - жеІэ Котляров Викторэ. - Уи фІащ ищІу Иуанькъуэр топсэльыхь «нарт» псалъэмрэ Іуэрыйуэтэм кьхьэщІыж лІыхъжь нэхъыщщхьэхэм я цІэхэмрэ адыгэ лъабжьэ яІэу зэрыщытым. Іэкіуэ абы зэпкрьех бзэм хэт фразеологизм купщІафІэхэри, нэгъэщІ куэди.

ЩІэныгъэлІхэм жалар кьызэщІэткъуэжмэ, кьыхэгъэщын хуейщ Иуанькъуэр Нурбий и «Избранные труды» лэжьыгъэр бзэм елэжьхэм кьищынэмыщІауэ, тхыдэджэмэ, этнологэмэ, культурологхэми кьаззэрыхуэщхьэпэнэр. Нурбий и этимологие кьэхутэныгъэхэри 1970 гъэхэм кьыдигъэкІа монографиери сэбэп хуэхъуну ди лингвистикэм зегъэужьа хъужьыкІэ. Тхылъым ихуащ Хэку зауэшхуэм хэта, зи ныбжьыр илъэс 90-м нэблагъэ адыгэ щІэныгъэлІ Иуанькъуэ Нурбий и гъащІэ гъуэгуанэр кьэзыгъэльагъуэж тхыгъэ кІэщІэмрэ сурэтхэмрэ, и лэжьыгъуэм езым ятриухуа псалъэ гуапэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыдж Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

ЪЭДМАЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; съэвгырыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; суэтэхьым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Тэрэзыгъэ Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщІэ дэлъу КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щхьэщэмыщ Изэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэлбечуэ Анжелэ,** *суэтэхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1554